чун риччайдал, гIемерал рукъзалго рухIилалде свинабун буго. ХIикмалъун хутIарал росдал гIадамаз цIехон буго гьал щал чияли, лъайдал, гIемерал хъвадарун руго рахIму гьабеян пачаясухъе, амма хIасил ккун гьечIо. Сибиралде ритIарал рокъоре риччан руго пачаясе вас гьавидал бахъ-араб амнистиялдалъун.

Таймасханов И.И.

ТIелкьал Кавказалъул рагъазулъ

«ТIелекъ» тIехъалдасан бутIа

МахIачхъала
2005

РАГЪУЛ БАЙБИХЬИ ВА ГЬЕЛЪУЛЪ ТIЕЛКЬАДЕРИЛ ГIАХЬАЛЛЪИ.

БатIи-батIиял гьоркьорлъабаздалъун Дагъистаналъул халкъ цебегоялдаса нахъе бухьараб букIана Россиягун, XVIII гIасруялда гьел гьоркьорлъаби жеги щулалъана. Дагъистаналъул батIи-батIиял вилиятазулгун тIадеялдаса-тIаде цIикIкIунел рукIана Россиялъул бухьенал ва гьел цIакъго щулалъана Россиялъ жидерго кверщаликье Грузия бачарабго. Дагъистаналда жидерго кверщел ва нухмалъи билълъанхъизабизе пачаяс хIаракат бахъулеб букIана бакIалъулал ханзабазул ва бечедал гIадамазул кумекалдалъун. Гьезие гIарцудалъун кумек гьаби, ракьалъул ихтиярал кодор кьей гурелги, гьезул кверщаликье кьуна бакIалъулал гIадамалги. ЦIияб хиса-басиялдалъун жидер ихтиярал цIикIкIарал бечедал гIадамал гьеб киналдасаго рази рукIаниги, гIадатияб халкъалъул ракIазе гьединал хиса-басиял къабул гьаризе бокьунго букIинчIо. КIиго христианазул хIукуматалъ Дагъистаналда тIасан цоцазухъе кверал регьидал, хIакъикъаталдаги, Дагъистан гьел кIияздаго гьоркьоб хIинкъи бугеб кьолъун лъугьана.

Россиялъ Кавказалда тIоцере жиндирго рагъулал аскарал рачине байбихьана 1818 соналъ генерал Ермоловасул бетIерлъиялда гъоркь. 1819 соналъ гьесул нухмалъиялда гъоркь Дагъистаналъул цо-цо ракьал гIурусаз ккураб мехалъ Грузиялде ва Азербайджаналде нухал къана. Гьезулгун Дагъистаналъул халкъазул дармилал гьоркьорлъаби рукIана. ЛъарагI ракьалда хасалил мучIдулги гIурусаз кверщаликье рачараб мехалъ, гIи-боцIи хьихьАхIделев рагIула дов ХIажигIали
ТIелекьа Жаватхан чIванилан абун,
Гъорлъа-гъорлъа чагIи чарлъулел ругин.
Рузманалъ как балеб доб бичасул рукъ
Жанибе херги бан зодихъ кьвагьана.
Сугъулдерил росулъ лъабкъого дибир
Лъабкъоявго ана ХIубикье витIун.
Жаватханил эмен МуртазагIали
Гьезда цеве ана квералги рухьун.
Квар бухьунеб буго гIурул рагIалда,
Мали чIвалеб буго кварил бакьулъе.
Кварил палицаби киндай хIалтIана
ГIелмуялъул ралъад кварида вазе?
ТIадегIанав Аллагь киндай вукIана
Дов МуртазагIали кварид гъанкъизе?

ТIелекьа Сибиралде битIана кинабниги 200 хъизан. Гьелги рикь-рикьана Иркутскиялде, Уралалде, Самараялде. Гьенireги асирал лъелго рачанила бохдуздаги квераздаги маххул синжиралги ран, хIатта эбелалъул кодоб хвараб лъимер букъизегицин кверал ричун гьечIо. Хвараб жаназа гIазуги тIаде гьабун букъулеб букIун буго. Къаси сордо базе тархъараб бакIалда асирал мугъал цоцазда цузарун рухьунел рукIун руго лъутун инчIого рукIине. Рижараб ракь тезабураб гIечIого, гьединаб гIазабгIакъубаялда рачунел рукIун руго бихьизабураб бакIалдеги. Гьедин унаго нухда бугеб гIурусазул цо росу батанила бухIулеб. Щивго чиги аскIов къачIого, рекIадухъе цIагун бухIизе толеб букIун буго росу. ТIаде щварал гьаз гьарун буго риччай жал гьеб свинабизеян ва кверал ри-

5. Сугъралъа Рамазанил ГІумар
6. Кулласа ГІалигІумар
7. Гъумекиса Шамилил наиб ФатагІали
8. Гъумекиса Баширил вас ГІабдулмажид
9. Гъумекиса Зубайри
10. Кьенсерухъа Нукъаши росулъа БагІар-месед
11. ЦІулдаса гІалимчи ГІабдулагь
12. ЦІадахІариса НикІа-къади
13. Анцухъа ГІабаспаша

ГІемераб бицен хутІана Дагъистаналъул тарихалъулъ Къокъаб шаригІаталъул. Гьелъул бахІарзазул биценал жеги халкъалъ рехсолел руго, данд чІвала гьелъул бицунел назмабиги. Гьединаздасан ккола Гъуниб районалдаса цо херай гІадамалъ бицараб назмуялъул гьаб бутІаги.

ГІенекке гІадамал хабар бицине
Гьал муридзабазул ракІал рахъараб:
БачІунеб рагІула ТІелекье гІурус,
ГІедегІун рагІула сугъулдериде.
Дов инсул вацасул къолденги ретІун
Жаватхан къокъана болжалде цеве.
ЛъабцІул тІаде гъуна болжалде гІурус,
ЛъабцІул нахъе чІвана Жаватханица.
Я МухІаммадилан ахІиги тІамун
ЦІа рекІараб рагъда гъорлъ жувалаго
Бода тІибитІулеб тІухьидул гулла
ТІамурасда щвяяб щванин каранда.
Гьединаб хІалалда гьал рагъулаго

иялдалъун бетІербахъи гьабулел цо-цо вилиятазул бигьаяб гуреб хІал лъугьана. Гьабунщинаб хІехьолеб букІин бихьидал, заманалдасан цо вилияталдаса цойгидалде гІурусазул изну гьечІого хьвадизеги гьукъана. БетІербахъи гьабизе захІматго лъугьин гуребги, кьучІдасанго хисизабизе бегьулаан исламги. Дагъистаналъул халкъалда цебе кІиго батІияб нух букІана: я ахІичІого жидер ракьалде рачІараз малъараб гьабун гьезул лагълъиялъукь рукІин, ялъуни бусурманаб диналъ жидей кьолел ихтияралги, гьелъул бацІалъи-тІадегІанлъиги, жидерго эркенлъиги цІунун данде рахъин. Гьез кІиабилеб тІаса бищана.[1]

Дагъистаналда исламалъул байрахъалда гъоркь гьабулеб багъа-башариялъулъ – гъазаваталъулъ ТІелекь росдал гІахьаллъиялъул бицани, байбихьудаго бихьизабизе мустахІикъаб буго Рихьуниб росулъ ТІелекьа гІалимчи Къебед-МухІамадица 1822 соналъ ахІун букІараб данделъи. Гьениб гьоркьор лъурал суалаздасан аслияб букІана гІурусаз Дагъистаналда тІубанго кверщел гьабизе байбихьун букІин ва дагъистаниял гьезул лагълъиялъукье колел рукІин. Данделъаразул пикру гъазават гьабизе ккеялде бачІун буго ва гьелъие щибаб росдаца хІадурлъи гьабиялъул къотІигун данделъиги биххун буго.

Нилъеда лъавухъе, 1824 соналдаса байбихьун Генуса Гъази-МухІамадил бетІерлъиялда исламалъул байрахъалда гъоркь магІарул халкъалъ гІурус аскаразда данде къеркьезе байбихьана. 1830 соналде щвезегІан Гъази-МухІамадица Дагъистаналъул халкъазулъ цолъи щула гьабуна, гьел данде ракІарана. Гьесул рахъ кколездасан тІоцересел эркенлъи бокьулел магІарулал рукІана. Гье-

[1] Гаджиев Б. «Шамиль. От Гимр до Медины», Махачкала, 1992; с. 12

зулъги гьай-гьай рукIана цоцазулгун данде кколарел росабалъаги, гIурусазул рахъ кколездасаги, гьединлъидал бигьаго гуро букIараб магIарулал цолъизаризе. Жиндирго къокъагун Гъази-МухIамадица гIурусазул рахъ кколел цо чанго росдаде чабхъенал гьаруна. Гьеб бокьичIел гIурусазул аскараз, гуржиязул ва армяназул милициялъ 1832 соналъ Генув Дагъистаналъул тIоцевесев имам сверун ккуна. Гьеб рагъулъ, жиндирго мурадалдеги щвечIого, Гъази-МухIамад чIвана.

Гьеб къеркьеялъул кIиабилев имамлъун вищана ГьоцIалъа ХIамзат-бег. ГIурусазда данде къеркьеялъулъ гьесги ккуна гIемераб бицине мустахIикъаб бакI.

Гьаниб бицинчIого гIоларо, гьеб заманалда Дагъистаналъул цо-цо росабазул бегавулзабаз, диналдехун мугъчIвайги гьабун, гIадатазда хадур рилълъун жидерго ихтияразе нухал рагьулел рукIана. XVIII гIасруялда диналда халкъ божиялдаса пайдаги босун, бечедаз (чIухIбуз, чIункIбуз) жидей бокьанщинаб гьабулеб букIана.[2] ЦIакъго рагьун гьелъул хIакъалъулъ бицунеб буго Гъумекиса цо мутагIиласул хабаралъулъги.[3]

ТIелекь гьединаб бакI кколеб букIана росдал нухмалъи жидер кверщаликь бугел, Гъумекиса бачIараб тухумалъул гIадамаз – ЧIункIбуз. Гьез рикIкIунеб букIана жидер рачIин аварагасул тухумалдасан бугелъул, цойгидал гIадамаз жидер къимат гьабизе кколилан. Гьезда божарал гIадамаз гьезул бицин унеб букIун буго даруде хIалтIизабизе. Гьезул рукъзал рукIун руго ЛъаратIе щолеб бакIалда нухда гъоркьа, нухда тIаса гьел данделъулеб

[2] Пиотровский Б.Б. Указ. соч. ;с. 392
[3] Гр. авторов. «Кавказские горцы. Сборник сведений. II том».

вугелъул, гьанжеги квеш гьечIо, - ян кьварун жаваб кьун буго гьес.[52]

Горбоде кIичIги ккезабун жиндирго хIатIазда гъоркьан бакI нахъе босизе вачIунев вукIарав солдат МуртазагIалица каранзулъ мал кьабун чIвала. Хвалда цевеги гьединаб бахIарчилъи бихьизабун ватIалъана нилъедаса ГъалбацI-Жаватханил эмен, Шамилил наиб, Къокъаб шаригIаталъе бетIерлъи гьабураздасан цояв, хIинкъи-къай рекIелъ гьечIев МуртазагIали. Гьев хванилан хабар рагIараб мехалъ САлтIа росулъа цо чIужугIаданалъ гьабураб назмуялъулъ руго гьадинал мухъал:

Капураз ГъалбацIан жиндий цIар кьурав
Кьварарав багьадур МурзагIали –
Аргъутил боялда бадиб къараб заз,
Динул-исламалъе бахъараб хвалчен,
ХIинкъиго лъалареб чарамалъул ракI
ЧучичIин рагIана ГIанадагицин.

МуртазагIалида цадахъ Салануб майданалда гъанкъана Къокъаб шаригIаталъе нухмалъи гьабулел рукIарал цогидал росабалъа церехъабиги. Гьездасан нилъеда цIарал лъалездасан ккола:

1. ТIелекьа гIалимчи ХIамзатхIажияв.
2. Сугъралъа ГIабдурахIманхIажиясул вас МухIамадхIажи
3. Сугъралъа гIалимчи ГIабдулхIалим
4. Сугъралъа ГIабдулагь-хIажи.

[52] Газ. «Колокол» №18 от декабря 1996 г., ст. «Телетль – цитадель восстания 1877 г.».

малъулезулъан абун, хвасар гьавейилан. «Дирго хIакъалъулъ гьедин абуни дунгоги хвасарлъула, - ян абун буго МуртазагIалица, - амма диего гIоло бицинчIеб гьереси дуе гIоло кинха дица бицинеб?». Гъанкъизе чIварал гIурдузухъе халкъалда цевесан вачун унаго гьес ахIулеб букIанила: «Ле бусурбабазул жамагIат, унго гьечIищ нужеда гьокьов цо гьитIинабго нусгIаги дихъе ккезабизе кIолев чиго». ЧIвазе вачун унеб механъги гурхIел гьаричIого, шаригIаталъе гIоло хвезе бугеб гIищкъудул кутак бихьуларищха!?

Къокъаб шаригIаталъул церехъаби чIваледе цере

ЧIвазе вачунаго кварида аскIов гьев щвараб механъ цо офицерас ракI релъун гьикъун буго МуртазагIалида:

- Бице гьанжейищ лъикI бугеб, нижеда данде вагъулеб механъищ? – абун.

- Дир хвалчен нужер гарбазда басандулеб механъ лъикI букIана, тIадаб налъиги тIубан Аллагьасухъе унев хасаб бакIги букIун буго. Къайиса гIужалъ рехьед бачIунелъул, гьез бер речIчIараб хIайван бачунеб букIун буго хъвезе. Ракьалги киналго гьезда кодор рукIун руго. Росдал гIадамал гьезул хурзабахъ хIалтIулел рукIун руго, гьез гьезие лъагIалие тIорщел кьолеб букIун буго. ХIалтIизе вахъинчIев чиясул рокъое йитIулей цо гIаданги йикIун йиго гьезул Къоркъочилай абун цIар бугей. Гьелъ гIилла гьечIого хIалтIизе рахъинчIезул цебе батараб бищун хIажатаб тIагIел бекулеб букIун буго. Гьелдасан бачIараб буго «ТалихI бугеб рокъое Къоркъочилай щвеларо» абураб аби. Ахирги ЧIухIбуз тIалаб гьабун буго росасе кьолей ясцин жидер изну гьечIого кьезе бегьиларилан. Росдал дибирлъун вукIарав Къебед-МухIамадица чанго нухалъ ЧIункIбузул чIахIиял гIадамал ахIун лъазабуна гьединаб хьвада-чIвади гIадатазда ва дагьабги цIакъ диналдаса данде кколарездасан букIин, кин бугониги гьел гIенеккулел рукIинчIо.

ТIЕЛКЬАЛ ХIАМЗАТ ИМАМАСУЛ ЗАМАНАЛДА

1833 соналъ жинда гIараб гIелмуги диналъул ахIкамалги мухIканго лъалев росдал дибирлъун вугев Хъвана-хъвачIул МухIамадил вас Къебед-МухIамадица, чан нухалъ гьараниги чIункIби жиндихъго гIенеккичIелъул, ХIамзат-имамасухъе хъван кагъат битIун буго гьез гьарулел ругел зулмабазул. Гьединал гIадамал тIагIинаризе кколилан жаваб щун буго ХIамзат-бегихъаги. Жалго чIункIбиги рукIана гIурусазул рахъ ккурал гIадамал. Кагътил хIакъалъулъ лъан хIинкъарал ЧIункIбуз цо кидаяли жидеего кумек гьабун Машда росу кьун букIараб Гьидерил вилияталде хабар битIун буго жидеда гьоркьоб маслигIат гьабизе рачIайилан. ЧIункIбузухъе щвезегIан течIого, рокъореги рачун Къебед-МухIамадица гьел берцинго нухда лъун руго ва гьезда дандчIвай гьабизе Турулав абулев чиясул рокъор данделъарал ЧIункIби тIаде нуцIаги рахан рухIизе ритIун руго росуцоял.

ЧIункIбуз жиндий зарал гьабун букIарав Охилазул Ражаб абулев чияс бухIулеб рокъовеги кIанцIун, гьений йикIарай Парил Меседо абулей гIадамалъул гIундулгун цадахъ цIакъ багьа хириял меседил кIилкIал къотIун нахъе росун руго. Гьенисан лъутун рорчIана Шамхал ва Гьанкалав. Хадур гIолохъаби рачIунеб мехалъ чанго

хIухьел цIазе кIоларого кIотун ккарал, къватIир кIанцIарал муридзаби кверде росана.

Пачаясда данде рахъарал росабаздасан гIарада бан тIуранго щущахъ риххизаруна ТIелекь, Сугъралъ, ЦIадахIариб росаби, чIунтизаруна гьединго Агъвали, ЦIумада, Сасикь, ТIинди, Хважа-МархьутIа, Хъуппа росаби. Россиялъул бакI-бакIазде ритIизе рихьизаруна 5000-ялдаса цIикIкIарав чи; Дербенталда, Гъунив, Темир-Хан-Шурав гъанкъаразул къадар бахана 300 чиясде. Ккараб зарал бецIизе Дагъистаналъул росабазда лъуна кIудияб магъало. Жидецаго жалго захIматго хьихьун ругел магIарулазе гьеб букIана цIакъго кIудияб налъи. Пачаяс Кавказалда гьарулел ишал рихьарав генерал Н.Н.Раевскияс жеги 1812 соналдаго гIадада гуро рагъул министр А.И.Чернышевскиясде хъван букIараб: «Дун данде чIарав вуго Кавказалда гьарулел ишазда, гьединлъидал толеб буго гьаб бакIги. Нилъеца Кавказалъул гIадамаздехун гьабулеб бербалагьи батIияб гьечIо Америка босулеб мехалъ испанияз гьарурал вахIшилъабаздаса».[51] Гьел «вахIшилъаби», гьай-гьай, жеги цIикIкIана 1877 соналъул дандерахъиназдаса хадур.

Сибиралде ритIулел тIолалго данде гьарула Гъуниб округалда бугеб ГIанада майданалда. Данде рахъарал росабалъан тIолалго гIадамал ракIарараб Салануб майданалде рачун рачIана багъа-башариялъул нухмалъулел рукIарал церехъаби, гьезда гьоркьор МуртазагIалиги ХIамзат-ХIажиявги. Жалго чIвазе рукIин лъайдал МуртазагIалида цо гьалмагъас гьарула жив вукIинчIин нух-

[51] Магомедов М.Г. «История Дагестана с древнейших времен до конца XIX в.», Махачкала, 1997; с. 275.

чаларо ва хъалаялде нух бахъизе лъугьуна. КигIан гIемераб солдат тIаде битIаниги гьел кверде росизе кIолел гьечIолъи бихьарал гIурусаз муридзабазде гIарада базе байбихьана. «БахIарчилъи» бихьуларищха анцIго гIечIев муридасде гIарададул гьужум гьабулел гIурусазул? «РакI бацIцIалъи» бихьуларищ гьезул ва гьезул рахъ ккуразул къотIиялъул?

Жаватхан гьеб рагъулъ чIвана гIарададул гуллил кесекги ботIролъ щун. РикIкIадасан гьеб рагъухъ валагьун вукIарав гIурус командирас Жаватханил бахIарчилъиялда ракI барахщун, гьев гIарададул бихъараб кесек щун гIодов кколев вихьидал, тохтурасухъе восизавун вуго, амма гьесул кумек щвелалде Жаватхан лъугIун вуго. «Живгоги Гъалбацl гIадав вугелъул батила, гьасул малъазде балагье цIудул гIадинал», - ан гьесул хIакъикъаталдаги цIудулазда пархен бугел малъазухъ валагьун хутIун вукIаравила тохтур. Жаватханил хобги зияратги буго сугъулдерил хабалалъ. Гьев гуревги Сугъралъ чIвана гIемерал гIолохъаби, шаригIаталъе гIоло рухI кьурал гъазизаби. Гьенив чIвана ТIелекьа цоги гIалимчи Мирзал МухIамад. Гьевги вагъулев вукIана Жаватхан, ЦIадахIариса НикIа-къади, Хважа-мархьутIаса Саджид, Гьунухъа ХIажияв гIадал бахIарзалгун.

Жаватхан ва гьалмагъзаби росулъ чIван хадурги дандечIей гьабуна Хьонда хъалаялъур рукIарал муридзабаз. Рагъудалъун гьел кверде росизе кIолареблъи бичIчIарал гIурусаз щулалъи аскIор гIагарлъараб бакI туманкIул харица кьвагьана ва гьелде тIадеги сверун херчIвахIалъул гъунал гьарун цIа лъуна хъалаялда сверун ва

ругъун лъун лъукъунги вугев Шамхал кьурулъан кIанцIун вуго ва хвараб хвел гьабун чIун вуго. ТIаде щвараз гьесул хIатIил эгъеялда хонжрокь-гIебу къазабун буго, амма Шамхал вагъарун гьечIо. Гьев къаси хъурщун жиндирго бесдал эбел Аймесехъе лъутула. Аймесеца гьесул ругънал къачIазе ахIула живго ругьунлъарав тохтур Къадилав. Росуцояз тIамун Къадилас гьев хвезе ругъназде хIарун гьвел гъвес балеб букIун буго, амма щаклъарай бесдал эбелалъ родоца ругъналги чурун, жиндицаго даруги гьабун гьев сахлъизавун вуго. Жив чIвазе гIолохъаби ургъулел рукIин лъарав Шамхал Гьолокье лъутун вуго, гьенивги толаревлъи лъан Гьандихъе ун вуго. Гьеб къоялъ ЧIункIбузул тухумалдаса лъутун йорчIана Булбул абулей гIаданги. Гьей ГьинтIаса чиясе росасеги ун гьений гIумру гьабун йикIана, гьенийго юкъана. Гьедин ТIелекь Къебед-МухIамадил нухмалъиялда рекъон чIвана 33 чIухIбузул чи.[4] ЧIункIби рукъун руго ТIаса иццурукъалда гъоркьа цого хабалъ.

Гьеб букIана гIурусазда данде рахъиналъе, ислам бацIцIадго цIуниялъе тIамураб вахIшияб букIаниги бахIарчияб гали. Гьедин ГьоцIалъ, ГIашилтIа, Генуб, МочIохъ росабиго гIадин исламалъе ва эркенлъиялъе гIоло къеркьеялъулъ тIоцебе гIахьаллъараб росу букIана ТIелекь росуги.[5] Гьел росаби, цогидал кинигин хвалчадалъун гурел, жидеего бокьун лъугьана гъазаваталъул нухде.

Къебед-МухIамад лъугьана ХIамзат-бегил вищун божараздасан цоявлъун. 1834 соналъ ХIамзат имамас

[4] Гаджи-Али «Сказание очевидца о Шамиле», Махачкала, 1990; с. 20
[5] Моше Гаммер. Указ. соч. с. 128.

Хунзахъ росу бахъарабго, гьесул гIумруялда хIинкъарав Шамилица гьарун буго Игьалиса СагIид-дибирасул, ТIелекьа Къебед-МухIамадил ва КIаратIаса Гъазияв-дибирасул нухмалъиялда Хунзахъ росуги тун, нахъе а цодагьаб заманалъилан.[6] ХIамзат байбихьуда разилъун вуго, амма гьесул пикру хисизабун буго тушманзабаз. Хадусел къояз, ай 1834 соналъул 19 сентябралда ХIамзат-имам ХIажимурадил бетIерлъиялда гъоркь хунздерил мажгиталъув чIвана.

[6] Газ. «Красная Звезда», ст. «Муртазаали Телетлинский – наиб Шамиля».

Сугъулдерил харабазулъ жеги бицен хутIун буго ГъалбацI-Жаватханил бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ. Сверун гIурусаз ккураб хъалаялъусан къватIир гIурусазда кьаби щвезабизе лъаб-лъабккун, щу-щуккун къватIире унаанила муридзаби. Кинав иневали гIолохъабазулъ къец ккун, ахирги иш бачIанила можоро тIамиялде. Щуго нухалъ уна Жаватхан гьужумалъ, анлъабизеги ине бокьун можороде бергьарав НикIа-Къадида гьарула гьес гьаб нухалдаги жив виччайилан. «Щиб, мун эбелалъ гьавураб мехалъ дун гIорцIмацайищ гьавурав?»,- ан НикIа-Къади живго ун вуго.

Росу бахъун хадубги чан нухалъ гьужум гьабуниги хъала бахъизе кIоларого ругел гIурусаз, байбихьуда гъазаваталда гIахьаллъун вукIарав ва хадув гIурусазухъе кверде арав Пирил НурмухIамад абулев чиясда тIад къала ракълилаб гара-чIвариялъе Жаватхан хъалаялдаса къватIиве ахIизе. Цадахъ цодагьал гьалмагъзабигун росулъе щварав Жаватхан кквезейилан данд цурал минабазул тIохдаса тIохде кIанцIун муридзабазде гIагарлъула НурмухIамад. Гьес хилиплъи гьабиларилан пикруялда Жаватханги вукIуна. Амма НурмухIамад тIохдасан Жаватханиде тIаде кIанцIун вачIуна гьев кквезе абун, гьебго заманалда гIурусазги гьужум байбихьула. Жаватханица нахъе кIанцIун Пириласул рохкъотIиялда хвалчен кьабула. Гьелдаса хадув рекълъарав гьесда Пирил Рекъав абун цIарги рекIуна, пачаясул нухмалъулез жидей хъулухъалда зарал ккарав чи хIисабалда гьесие пенсияги чIезабун букIана.

Жаватханица ва гьалмагъазабаз хвалчаца гъурун, гуллица нахъ чIван щивго чи жидедаго аскIов къазе вич-

ТIадагьал нижер чурхдул чвархъан тIатIала ккана.
ЧIахIиял аскаразда данде рагъде ниж рачун,
Нижер хъизанал зури зулму гурищ, бахIарзал?
Гьазул кумекчагIилъун квалулел ниж рукIаго,
Киндай Гъунире рачин рекъараб пачаясда?..

Россиялъе гIоло рагъазда тIелкьадерил гIолохъаби рагъулел рукIиналъул хIисабги гьабичIого, генерал Смекаловасухъе щвана приказ: «ТIелкьал тIолалго росулъа къватIире къотIизе, дандечIеялъулъ гIахьаллъарал хъизан-лъималгун цадахъ ккун Гъунире ритIизе. Пачалихъалъе ккараб зарар гIайибазул буголъиялдасан бецIизе. Къебед-МухIамадил тIолабго тухум Россиялде гочинабизе».

Росулъа лъутунги ун, Жаватханги Сугъралъ хъалаялде щола. ТIолазулго хIукмуялдалъун Сугъралъ Хьунда абулеб хъалаялъул нухмалъулевлъун вищула. Гьеб квеш букIарав чачанав ГIалибег-хIажи нахъе уна Сугъралъа.

Хъал цIунизе тIаса рищарал гIолохъабиги рачун, Жаватханица хутIарал росу цIунизе тун руго. Гьезда гьоркьов вукIун вуго лъабкъоялда анцIилъа гIумру арав Сугъралъа НурмухIамад Хуршиги. НурмухIамадида цIакъ квешги букIун буго живго хъала цIунулезулъе вачинчIолъи. Дагьабги квеш букIун буго гьесда жиндирго вас Хуршил МухIамад гIурусазул чиналъухъ яхIги бичун гьезул рахъалда вагъулев вукIин. ГIурусазулъ вас ватIа вахъизе лъарав НурмухIамадица «Ма босе, Хуршил яс, гьабги дуе буго», - абун кьвагьулеб букIун буго. Васасул хилиплъи квеш букIун, гьеб хIехьезе кIвечIого хунги вуго НурмухIамад Хурши.

ТIЕЛКЬАЛ ШАМИЛИЛ ЗАМАНАЛДА

КIиявго имамасул заманалдаго Дагъистаналда цIар рагIарав Къебед-МухIамад Шамилил заманалда бищун кIвар цIикIкIараздасан лъугьана. Цо тарихиял хъвайхъвагIаяз нугIлъи гьабухъе, ТIелекьа Къебед-МухIамадил. Игьалиса СагIидил, КIаратIаса Гъазиявдибирасул, Къарахъа ГIабдурахIманил Шамилидаса нахъе ккечIеб къимат букIана Дагъистаналъул халкъазе ва жидер къимат гьабулеб бакIалда гьезул кверщел имамасулалдасаги цIикIкIараб букIана.[7] Бицанихъе, цIакъ къанагIат гурони данд чIваларо Къебед-МухIамад гIадав гIадамасулгун гIаммаб мацIги батизе кIолев, рагъул хIалги лъалев, ракIги бахIарчияв инсан. Гьев вукIана гIарабгIалимчи, рекIехъе лъалаан Къуръан. ГIурусаз жиндиего хIалхьи тунгутIи лъарав Къебед-МухIамадица ТIелекь щула гьабиялъе гьарула тадбирал. Гьеб иш тIад къала Гьидалъ Шамилил наиблъун вукIарав ГъазимухIамадхIажиясда. Гьес ячун йикIун йиго ХIототIаса Гирайханил яс ПатIиматги, амма Шамилица дуца гьей боцIуе гIоло ячанилан абидал, цIар тIамун буго.

ЖамагIаталъул гIадамазул ва муридзабазул кумекалдалъун росу сверун бала биццатаб, борхатаб къед тIасан зазги бараб. Росулъан лъарахъе гьабула тIасан кIармалги лъураб лъим цIезе унеб нух. Росулъе жанире рачIине нух гIицIго анлъго бакIалдасан букIана: ЛъаратIасан, Коласул кавудухъан, ЧамасдакIил кьодухъан, Гамидулазул кьодухъан, ТIасахъещтIерухъ кьодухъан, ГъоркьахъещтIерухъ кьодухъан. Щибаб нух бугел бакIаз-

[7] Моше Гаммер. Указ. соч. с.128

да рицatал миккил цIулал каваби лъун рукIун руго, гьел цIунун хъаравулзабиги рукIунаанила

1836 соналъул 19 марталда Къебед-МухIамад тIелкьадерил аскаргун Шамилида ва Ташав-ХIажида цадахъ Унсоколо росу кверде босиялъулъ гIахьаллъана.[8] Гьелдаса байбихьараб бугилан абизе бегьула Кавказалъул рагъазулъ тIелкьадерил рагъулаб нух.

Къебед-МухIамадида ва Шамилида гьоркьоб букIана муридзабазда данде хвалчен бахъун ХIамзат-бег чIварав Дагъистаналъул милициялъул прапорщик ХIажимурадида нахъ билъунеб Аварияльул тIолабго халкъ. Гьезда цебе чIараб масъалаги букIана гьеб жидедаго хадуб цIай.

1937 соналъул маялда ЧIункIби рухIиялдалъун пачаясда данде рахъарал тIелкьал квегъизе гIурус къачIан бугилан рагIарав Шамил 300 рекIаравги вачун жеги жиндаго хадур рилъинчIел цо-цо росабазул ракьккун гьениве уна. ТIоцеве гьев кIаратIасеца чIезавула, хадусеб дандечIей Шамилида батула Гьидалъ.[9] Къаралазухъ кумек щварав Шамиль, гIемераб захIматги бихьун, нусгоялдаса дагьал цIикIкIарал муридзабигун щола ТIелекье. Гьеб заманалда гьенив вукIуна Ташав-ХIажиги, Къарахъа ГIабдурахIманги, ГIандиса Гъазиявги.

Июнь моцIалда Гъази-Гъумекиса МухIамад-Мирзаханас ва АхIмадханас (Мехтулинский) жидерго аскараздалъун ТIелекь сверун ккуна. ТIаде рачIунел хехгого нахъ чIвана. Къебед-МухIамадил ишазулъ кIудияб кумек гьабулаан вац МуртазагIалица, росуцоял КIудияв Мирзал

[8] ГЦА, ф. 133, о. №4, д. 2400.
[9] Павленко П.А. «Шамиль», Махачкала, 1990; с. 47.

–Гурищха, РахIия?

–Уха, Гьанкалав,- иланги абун тIад калам гьечIого Гьанкаласул нухмалъиялда гъоркь тIубазабулеб букIана Сибиралде ритIулезул иш.

Гьанкалас жиндирго ва гIагарлъиялъул минабиги рихьизарун, хутIарал минаби солдатаз цIа лъун, риххизаруна. ТIелекь росдал чIвадан лъугьана, биххизабуна хIатта мажгитцин. Гьанкаласул тIалабалда рекъон гьенисан Сибиралде 300 рухI битIана. Гьеб заманалда ТIелекь росдада букIараб хIалалъул бицунеб буго ГIумарил ГIабдуразакъиде Ругъжаса Эльдарилас гьабураб кочIолъ:

Дирго рукъ лъаларо, къватIал лъаларо,
Къварилъи цIакъ буго тIелкьадерида.

Гьединго росу бухIиялъул бицунел кучIдуздасан буго ТIелекьа Хъазамил АмиргIалил, пачаясул армиялда гIурус-турк рагъда вагъулаго, дандерахъин къезабиялъул хабар лъайдал гьабураб «Карс бахъи» абураб кечIги:

…ГIандиса Герейил вас вачIун вугилан рагIун
Хабар цIехезейилан къватIиве вахъунаго,
ВачIун ГIалибегица гIураб хабар бицана:
БагIараб цIаги тIамун, тIелкьал къвагъун лъунилан.
Огь, гьанже нижер курмул, кинан рогьинел сардал! –
Туснахъалъуб хъизан тун, хъазахълъуда нижго ккун.
Къаси бусада регун, макьу нижее гьечIо,
Гьинал ракIалъул ургъел Аллагь бичасда лъала,
Радал тIаде рахъиндал, тIутIулел руго лугбал,



1877 соналъ бухIараб ТIелекь росу

васал – гIалимзаби ХIамзатхIажияс ва МухIамадица, Шамилил гIарадачилъун вукIарав КIудияв ГIусбанилас, СалихIилас, ГIатIакъурахIица, Камалица ва цогидазги.

Жеги 1837 соналъул февралалдаго Аваристан мутIигI гьабизе буюрухъ щун букIарав Фезида рагIула ТIелекь Къебед-МухIамадги, Шамильги, Ташав-хIажиги, Къарахъа ГIабдурахIманги ГIандиса Гъазиявги сверун ккун ругилан. Гьес нахъ бахъичIого подпоковник Букчиевасул ва капитан Тулиевасул бетIерлъиялда гъоркь аскарал ритIула МухIамад-Мирзае ва АхIмадхание кумекалъе.[10] Ракълилаб къотIи-къаялъе хIадурулел рукIарал АхIмадханги МухIамад-Мирзаханги рохула 5 июлалъ тIаде щвараб къуваталдасан. Гьеб къоялъ Къарахъа ва Анцухъа муридзабаз Шамиль къватIив ворчIизавизелъун гьужумал гьарулел рукIана, амма тIаде гIурусалги щун хIасил ккечIо.

Нахъеги байбихьана гIурусазул гьужумазде. ЦIакъ бахIарчиго рагъулел рукIана муридзаби, амма гIурусазул къуват цIакъго цIикIкIараб букIана. Шамилица хIукму гьабула гIандалазухъе кагъатгун чапар витIизе. «Дунги нужги диналъул вацал руго,- ян хъвала гьес. – КIиго гьой багъулеб бугониги, бацI бихьарабго гьел жибго рагъги тун гьелде рортула. ГIурусал нилъер гIаммав тушман вуго. Гьединлъидал дир гьари буго дие кумекалъе рачIаян. Нуж рачIинчIони, Аллагь вуго дир кумекчи». ГIандалаз кагътиде гIин тIамичIо ва ТIелекье муридзабазе куме-

[10] Магомедов Р. «Борьба горцев за независимость под руководством Шамиля», Махачкала, 1991. с. 68

калъе рачIинчIо. Гьелъул гIаксалда, гьел цо-цоял Фезигун цолъун данде рахъана.[11]

ГIурусазул аслияб чIей букIана ШатгIисал хуриб ва Ихъ ицтIа. 9 июлалъ Хунзахъа гIарадабигун живго Фезиги ТIелекье щола ва байбихьула гIарада базе. ТIубараб къоялъ тIаде гIарада бараб росу бахъизе 10 июлалъ Фезица аскар битIула Коласул кавудухъан. Муридзаби Шамилил, Къебед-МухIамадил, Ташав-ХIажил, ГIабдурахIманил бетIерлъуда гIурусазда данде уна ва гIемерал солдатал чIвала, нахъе хутIарал гъоркьго жаназабиги тун лъутула. Гьай-гьай муридзабазулги ккеларищха камиял, амма гьел гIемерал рукIинчIо. Бицанихъе, гьеб къоялъ ГьабикIкIалахъан лъимищ чвахулеб бугеб, бийищ чвахулеб бугеб батIа гьабизе лъалароанила.

ТIелекь ккарал гьел рагъазулъ Шамиль кутакалда вагъулев вукIана. Гьес свакан гIодор ортичIого рукIине жиндирго кIиябго рукьалда рухьун рукIанила хвалчаби. Шамилица хвалченги квегIалъги кваранал ъги батIалъи гьечIого кьабулеб букIун буго. ТIелекьа гьесул гьобол Алтавул Къурбаница мех-мехалъ гьарулаанила Шамилида хIухьбахъи гьабизе тархъеян, амма, гIурусал чIваялдаса кIудияб хIухьбахъи кинаб букIунебан, Шамиль гIурус цIикIкIаралъув вортулаанила.

Росдада тIад лъураб туманкIул харил чIегIераб кIкIуй, гIарадабазул кьвагьи, щвараб гIорлъун тIаде бачIунеб гIурусазул аскар, гъалбацIаллъун гьезулъ речIчIун рахъ-рахъалде гьел риххизарулел муридзабазул зикрудул гьаракь, холел-лъукъаразул угьи-зигара, бица сверухъ белъараб тIолго ракь, лъукъарал муридзабазе кумуртазагIалил вас Жаватхан вищула 300 чиясул бетIерлъун.

Дандерахъиналъе байбихьи лъураздасан цояблъун кколеб ТIелекье гIурусал рачIиналда ракI чIарал тIелкьадерица росу цIуниялъе тадбирал гьарула. Гьенир рачIуна Сугъралъа МуртазагIалиги Жаватханги.

1877 соналъул 23 октябралда ТIелекь росу сверун ккуна генерал Смекаловасул нухмалъиялда гъоркь рикIкIен гIемерал гIурусазул солдатаз. Гьезда нух бихьизабула чIункIби рухIулеб мехалъ нахъе хутIун рукIарал Шамхалица ва Гьанкалас. 24 октябралъ ТIелекь росдаде гIарада бала, риххизарула гIемерал минаби. ГIарададул сас гьоркьоб къотIарабго кверде рачIаян ахIдолев вугев Шамхалие тIелкьадерица тункIил залпалдалъун жаваб кьола. ЧIахIиял гIадамаз абула гIурусазул къуватги цIикIкIараб бугин, данде чIани гьез нахъехутIанщинал Сибиралдеги ритIилин, ракълилаб къотIи-къай гьабизе бугилан. Амма гьелда данде чIола Жаватхан ва гьев цо чанго гIолохъанчигун цадахъ сверун ккураб росулъан Сугъралъе уна. Кверде рачIани щибго гьабизе гьечIилан абуниги, гIурусаз кквезе щванщинасда маххал рана. Ккуна МуртазагIалиги, амма гьев жиндирго бажариялдалъун лъутун ворчIула ва Сугъралъе щола. Кквезе щварал гIадамал росдал бегавуллъун тIамурав Гьанкалас бокьанщинал тIаса рищун Сибиралде ритIизе рихьизарула. Гьесул кумекчилъун вукIуна Зивуриса РахIияги. Гьанкалас жиндиего бокьарав чиги цеве вахъине гьавун РахIияда гьикъулеб букIун буго:

[11] Гаджи-Али. Указ. соч. с.48

букIана шаригIат билъанхъизабиялъе гъазават лъазабун ва жидерго разилъи гьечIолъи загьир гьабун данде бахъана Дагъистаналъул тIолабго халкъ. Гьеб дандерахъиналъе нухмалъи гьабизе муридзабаз вищана Сугъралъа ГIабдурахIманхIажисул вас МухIамадхIажи. Гьедин байбихьана Дагъистаналда Къокъаб шаригIаталъул хIалуцараб багъа-башари.

Къокъаб шаригIаталда Дагъистаналъул 504 росу гIахьаллъана. Гъуниб округалъул начальникас хIалбихьана дандерахъин чIезабизе, амма бажаричIо. Дандерахъиналъулъ кIвар бугел росабалъан букIана ТIелекь росуги.

ТIелкьадерица дандерахъин байбихьана ЗагIиб букIараб солдатазул батальон гъуриялдалъун. МуртазагIалил ва гьесул вас Жаватханил нухмалъиялда гъоркь къаси тIелкьадерил муридзаби Гьолокь гIурул рагIалда букIараб солдатазул лагералде гIагарлъана. Къаси заманалда ратIа рахъизе лъачIого рукIине гьез хIотол горалги рукIана бетIералда рухьун. Щибго сас бахъинчIого чIвана хъаравулзаби ва гьединго сас къотIун хунжруздалъун, нусаздалъун гъурана солдатал. АхIи бахъараб мехалъ нахъе хутIун рукIана цIакъго дагьал солдатал. Лъутун Гьолокье ворчIула гьезул нухмалъулев ГIали-Гъиличги. Гьенисанги гьев МанакIиласул Ражабил чIужуялъул ретIелги ретIун ворчIула хадур чIун рукIарал муридзабазухъан.

Нахъисеб къоялъ ТIелекьа, Сугъралъа ва ЦIадахIариса вакилзаби нахъеги данделъула Дагъистаналда шаригIат билъанхъизабиялъул суалги цебе лъун. Рищула Дагъистаналъул Къокъаб шаригIаталда гIахьаллъулел росабазул аскаразе нухмалъулелги. Гьезда гьоркьор ккола МуртазагIали ТIелекьа гIалимчи ХIамзат-ХIажиявги.

мек гьабулел, чIваразул жаназаби рагъул майданалдаса нахъе росулел руччаби – бицун бажарулеб хIал рагъул коралъул букIинчIила. ТIаде бачIунеб гIурус бихьидал, ракIалде кколаанила гьанже гуро гьанже лъугIилин муридзабазул кьералилан, амма гIемераб мех иналде ращадал хутIарал гIурусал чиго гъорлъа камичIого муридзабаз хадур рортун гъурулаанила. Шамиль гIадин ТIелекь ккарал рагъазулъ бахIарчиго рагъулаанила Къарахъа ГIабдурахIман, Ташав-ХIажи, ГIандиса Гъазияв, Къебед-МухIамад, МуртазагIали, Камал, Алтавул Къурбан, МухIамадбегил ГIалибулат ва цогидалги нилъеда цIарал лъачIел гъазизаби.

ТIаде бадиса бадире ун росу бахъизе кIунгутIиялда ракI чIарал гIурусаз хIукму гьабуна росу гIарада бан ва балъгоял тIадекIанцIиял гьарун кверде босизе. Гьакьадерил рахъалдасан РахIиял ХIажияв абулев чиясул бетIерлъуда балъго рачIунел рукIарал гIурусазда гъоркьчIел гьабун чIван руго гIемерал солдатал. ЧIедераб кьурул сухъмахъалдасан цо-цоккун чIвалел рукIарал гьезда рогьалил хъахIлъи бараб мехалъ бихьун буго кьурулъан чвахулеб би. ТIурулел гIурусал хадур лъугьун гъурун руго муридзабаз. ХIабтIикIкIалахъан гъоркьеги тIамун, гIемерал солдатал чIван руго ХIурияласул хурир (Ашаханил ва ЖабрагIил ГIабдулагьил хурзал ругеб бакI). Гьениб бица ракь бухIун чанго соналъ щибго бижун гьечIо.

Гьолокьехун ралагьун лъутулел хъазахъазда хадур лъугьун рукIанила муридзаби. Гьезда гьокьов вукIана Алтавул Къурбанги Камалги. Цо кIудияв хъазахъав кьурун тIадги вуссун тохлъукьего Камалида тIад речIчIани-

ла ва гьев гIодов тIамунила. Вортун вачIун Къурбаница чIвазехъин вукIанила гьев, амма Камалица виччачIила. «ГIумруялъ лъицаниги гIодов лъечIев дун гIодов лъурав чи данд чIван вуго гугаризе те», - ян гьаранила гьес. КIиго нухалъ гIодов речIчIичIого виччачIила чIвазе Камалица Къурбанида хъазахъав.

ГIурусазда данде гьарулел рагъазулъ, лъукъаразе кумек гьаби, рагъулезе квен-тIех гьаби, риххарал щулалъаби къачIай гуребги, тIелкьадерил руччабиги гIахьаллъун руго рагъазулъ. Гьединаздасан лъалел цIарал ккола гIиял къунц1улеб кIвекьмаххалъ 20 солдат чIварай ГуллагIумайилазул Гьумай, рос чIвайдал гьесул бакI ккун ягъарай Мирзал ПатIина, ГIумакусун, Пирдас ва жидер цIарал лъаларел цогидалги.

ТIелекь жаниргоги рукIун руго муридзабазул рахъ кколарел гIадамал. Ракъун рукIун муридзабазе хъвезе куй бачине ритIун руго ГIабдулгIазизил къавутIа гIигун вукIарав Алтамусал МухIамадихъе, амма гьес кьун гьечIо. Гьеб мехалда Къебед-МухIамадица гIолохъабиги ритIун росулъе бачIун буго гьевгун цадахъ гIи. Гьеб жаниб гъезе ручун биччайилан абидал, разилъун гьечIо ХIанзаласулай абулей гIаданги. ХIукму гьабун буго Алтамусал МухIамад чIвазе, ХIанзаласулалъулин абуни кIал букъизе. Белъун буго гьан, амма гьелде базе цIам щун гьечIо. Гьеб мехалъ цIамул хъапги кьун хвасар гьавун вуго гIагарлъиялъ Алтамусал МухIамад. Зивуриса Арбули абулев, муридзабазе кумек гьабизе инкар гьабурав бечедав, как-кIал гьечIев,чи Гъогъолъе унеб нухда чIван вуго. ЧIвазе вачунев вукIин лъарабго, гьес васасда гьарун буго дуцаго чIвай дун, тушман гьечIого вукIинеян. ЧIвалелде

ТIЕЛКЬАЛ КЪОКЪАБ ШАРИГIАТАЛЪУЛЪ

1877 соналъул хаслихъе ТIелекье, Сугъралъе, ЦIадахIарибе рачIана чайданалда кIиго тIиноги бан рорчIизарурал кагътал. Гьезда хъвалеб букIана Турциялъул армия Дагъистаналъе кумекалъе бачIунеб бугин Россиялде данде рахъайилан. Гьеб заманалда ТIелекьа 30-гIан гIолохъанчи гIахьаллъулев вукIана гIурус-турказулгун рагъулъги. Гьеб хабар лъараб гIурусазул командованиялъ, Дагъистаналъул халкъалъ къуватаб хIадурлъи гьабизе течIого, дандерахъин хехлъизабуна. Гьелъие кумек гьабулеб букIана гIурусазул рахъ ккурал, гьез чиназдалъун ва боцIудалъун жалго кколел ругел Дагъистаналъул цо-цо росабазул наибзабаз. Масала, гьедин КIаратIаса наиб ХIажияс, капурго хвараб ганщил тIом сабаблъун, цIех-рех гьабичIого, Хунзахъе жанир тIамизе ритIула капурго хвараб ганщил тIом сабаблъун Силди росулъа анлъго чи ва гьел гьенир загьро кьун хвезарула.[50]

Солдатаз Хьаргабиса ва Хвартихьуниса дарамалъ унел гIадамал рухана, гьеб гIиллалъун ккун магIарулал Гъуниб кьода рукIарал солдатазде тIаде кIанцIана. Гьединал хIужаби цIикIкIине байбихьана.

1859 соналда Гъуниб магIарда рагъ лъугIизе толаго пачаясул рахъалдасан гьабураб къотIи букIана Дагъистаналда, Россиялъул нухмалъиялъукье кканиги, исламалъул бихьизабиялда ва бакIалъулал гIадатазда данде кколарел низамал рилъанхъизаричIого тезе. Гьелъулъ гIурусазул хилиплъи бихьидал Дагъистаналъул гIадамаз

[50] Газ. «Истина» №№ 91-92 от 16.05.02. ст. «Восстание 1877 года – попытка возобновлению шариата».

ЧIохъа Муса-хIажи, Къарахъа НурмухIамад ва цогидалги. Гьенир гъазаваталда хварал муридзабазул къадар 1700-ялде бахана.[49] Гьел киналго хвана гIагараб ракьги, бусурманаб динги, шаригIаталъул нухги цIунун. Къебед-МухIамад хIежалде араб мехалъ росдал бегавуллъун вукIана МуртазагIали. Пачаясул командованиялъ гьесие кьуна полковникасул чинги.

Кавказалъул рагъ лъугIун лъабгониги сон бараб мехалъ, ай 1862 соналъ Гъази-МухIамадица ГIандиб округалда пачаясда данде рахъиналъул багъа-башари гьабуна, амма гьеб хехго къезабуна, гьелъие нухмалъи гьабулев вукIараздасан Гъази-МухIамадги жанив тIамун Сибиралде витIана ва гьенисан тIокIав нахъ вуссинчIо.

[49] Павленко П.А. Указ. соч. с.120.

дуца как щай баларебан гьикъидал, гьес абун буго жинца гурин жиндир куйдуца баларого бугин какилан. ХIакъикъаталда гьев васас чIванги вуго.

Росу цIуниялъе гьаризе ругел рагъазул данд базе бакIарулаанила диван: Шамиль, ГIабдурахIман, Къебед-МухIамад, Ташав-ХIажи ва чанго тIаса рищарал лебалал муридзаби. Гьезда гьоркьов вукIанила Камалги. Цо къоялъ Камал данделъиялде вачIине кватIун вуго. Дагьаб заманалдаса вачIуна гьев бидул цIун ретIел-хьитгун. «Дирго бахъараб рукъалъухъ гIурусаздаса рецIел босулев вукIана, имам, гьелъ кватIана, тIаса лъугьа. Лъабго малгIунасул бетIер къотIана», - ян абуна Камалица ццидалго жиндихъ валагьун чIарав Шамилихъ валагьун. ТIелекь росу цIунун рухI кьун буго батIиял росабалъа гъазаваталъе рачIарал бахIарзазги. Масала, гьедин чIван Занида нахъа абулеб бакIалда зиярат буго Къарахъа вачIарав гьоболасул. (МухIканлъи лъаларо, абулеб букIана цIар ГIалибег букIанилан).

17 июлалъ Фезица хIукму гьабуна гIаммаб гьужумалдалъун ТIелекь босизе. РакIалде кколаан гьоркьоса къотIи гьечIого тIаде гIарада бан чIунтизабун бугеб росулъ чIагояв чи ватиларилан. ТIаде унарого рукIун, ШатгIисал хуриб ва Ихъ ицтIа лъун рукIаралила цIулал чалаби жаниб чагъирги тIун, мехтизеги гьарун солдатал тIаде ритIизе. ТIубараб къоялъ гьужумалдаса хадуб, гIурусазда кодоб гIицIго росдал кIал щвана, амма бищун щула гьабураб росдал мажгиталда аскIоб авал бахъизе кIвеялда хьулго букIинчIо.

Гьел кутакал гьужумал рихьарав Ташав-ХIажица ГIандиса Гъазияв витIана Шамилихъе росулъан къватIире

рорчIизе тIалаб гьабун. Гьелда разилъичIони, жиндиегIаги нахъе ине изну кьейилан гьарулеб букIана гьес. Шамилица Гъазиясда абуна: «Аллагьасул цIаралдалъун гьедула, унаро дун ТIелекьан дунго цохIо хутIаниги, ине изнуги кьоларо лъиениги. Дир изну гьечIого щивгIаги ине лъугьани, дица гьесда мугъ бакьулъ туманкIги речIчIизе буго», - ян.

ХIакъикъаталдаги муридзаби хIинкъун рукIана 1832 соналъ Генуб ккараб хIасил гьеб рагъулги ккелебилан.

Муридзабазул къвакIи бихьарал гIурусазда ракълилаб къотIи-къай гьабизе ракIалде ккола. Цо-цо бакIалда хъвалеб буго Къебед-МухIамадица МухIамад-Мирзаханасулгун балъгояб гьоркьоблъи гьабун, ракълилаб къотIи-къаялде гIурусал гьесизарунилaнги.[12] ГIурусазул жидерго гьеб мехалъ бигьаяб хIал букIинчIо. Гьел бищун хIинкъун рукIана муридзабазе Шамилил рахъ кколезухъан къватIисан кумек щвеялда. 18 июлалъ Фезица жиндирго аскарал ТIелекьа къватIире рачана ва гьел росдада сверухъ бакI-бакIалда данде гьаруна. Байбихьана тIубараб къоялъ халат рахъарал ракълилал гарачIвариял. Шамиль гIурусаз цебе лъураб кинабгIаги тIалабалда разилъичIо. ГIицIго гьес МухIамад-Мирзаханасухъе хIинкъи гьечIолъиялъе гъоркьлъалие кьуна жиндирго яцалъул вас, Къебед-МухIамадил яцалъул вас ва Къарахъа ГIабдурахIманил яцалъул вас.[13] Гьединго Шамилица Фезихъе хъвана ракълилаб къотIикъаялъул кагъатги. Гьениб хъвалеб букIана : *«Шамилил, Къебед-МухIамадил, Ташав-ХIажил, Къарахъа ГIабду-*

[12] Павленко П.А. Указ.соч. с. 48

[13] Мухаммед-Тахир. «Три имама». Махачкала, 1990; с. 30

Халкъалъулъ Къебед-МухIамадил бугеб къиматги, гьев живго кверде вачIинги хIисабалде босун пачаяс гьесие щибго тамихI гьабичIо. Гъуниб округалъул начальник генерал-майор Лазаревасул тIалабалда рекъон гьесие лъагIалие 600 гъурущ харжги чIезабуна, заманалдасан изну кьуна хIежалде инеги. Къебед-МухIамад хвана хIежги тIубан тIад вуссун вачIунаго 1864 соналда ва вукъун вуго Египеталъул Александрия шагьаралда.

МухIканаб баян гьечIониги, тарихалъулъ бицен буго Къебед-МухIамад Къокъаб шаригIаталъул багъабашариялда цеве пачаясул тIалабалдалъун ккун аниланги ва гьесул къисматалъул хIакъалъулъ тIокIаб хабар лъачIиланги.

Кавказалъул рагъазул заманалда Къебед-МухIамад гуревги ТIелекьа вукIана жеги кIигоги наиб: гьесул вац МуртазагIали ва Гъази-МухIамад.[48] Гьел рукIана ГIандалазул округалда ва Гьидерил вилияталда наибзабилъун.

Цевеги бицен ккун нилъеда лъалев, Къебед-МухIамадил вац, ГIандал вилияталъул наиб МуртазагIали вукIана кутакалда лебалав, ракI къванкIарав инсан. ХIинкъийин абураб жо гьесул рекIелъ букIунароан. ЦIакъго кIудияб бахIарчилъи бихьизабуна МуртазагIалица 1845 соналъ ТIелекье Аргъут вачIарабго, къаси чадиразухъеги ун гIурусазул командирзабазде тIаде кIанцIи, САлтIа рагъулъ бахIарчилъи. САлтIа ккараб рагъулъ чIвана Дагъистаналдаго цIар рагIарал, гIурус солдатал цIарудасацин хIинкъулел рукIарал бахIарзал: Хьаргабиса Идрис, САлтIаса ГIумар, Сугъралъа МухIамад,

[48] Газ. «Истина» от 10.07.99. ст. «Наибы Шамиля».

МухIамад валагье, гIицIго гьесда кIвезе буго щибгIаги гьабизе. Ва нахъеги абулеб буго: гьев дир нухккун ин щаклъи кIудияб жо буго… Къебед-МухIамадилъ Дания-лилъги ХIажимурадилъги цадахъ бугелдаса цIикIкIараб гIакълу буго, амма бищун аслияб, гьев дидасаги вацIцIа-дав бусурманчи вуго».[47]

Баяназда рекъон, гIурусаз Шамилида ва гьесул наи-бзабазда гьоркьоб мацI гьабизе гьезда гьоркьоб дагIба-рагIи, дандеккунгутIи ккезабизе тIад къалеб букIун буго гьезул божарал гIадамазда. Гьедин Шамилида ва Къебед-МухIамадида гьоркьоб гьезул дандеккунгутIи бижизаби-зе тIад къан буго Инквачиласда. Гьелдаса хIадуб ккараб гъалатI бичIчIарав Шамилица Маккаялда хIежалде вачIун данделъарав Инквачиласухъе квегIаб квер кьун буго. «Я, имам, щай дуца дихъе квегIаб квер кьолеб», - илан гьикъун буго Инквачилас. «Дуца дир кваранаб квер – Къебед-МухIамад Дагъистаналдаго къотIана», - ян жа-ваб кьун буго гьесие Шамилица.

Гьелдалъун бихьулеб буго Шамилица кин къимат гьабулеб букIараб Къебед-МухIамадилали. Гьесул рахъ-алъ хилиплъи гIадаб, ялъуни данде вахъин гIадаб хатIа борчIун букIарабани, дир пикруялда, кинго кьезе букIинчIо гьединаб къимат гIакъилав имамас Къебед-МухIамадий. Гьанир рачарал гурелги гIемерал хIужжаби руго Шамилил ва Къебед-МухIамадил цоцазде букIараб божилъиялъул, гьабулеб букIараб кумекалъул. Авари-станалъул наибзабаз нухмалъи гьабулеб щибаб вилия-талъулъ гьезул къимат Шамилидаса нахъе ккараб букIинчIилан абуниги мекъса ккеларо.

[47] Гаджиев Б. «Шамиль. От Гимр до Медины», с. 59.

рахIманил ва цогидалги Дагъистаналда къимат бугел бихьиназул цIаралдасан. МухIамад-Мирза-ханасухъе асирал кьолаго, цояз цоял къварид гьаричIого биххизе гьечIеб, ракълилаб къотIи-къай гьабулеб буго Россиялъ-улгун.

Нилъер гьабураб къотIи хвезабурал хиянатчагIилъ-ун рикIкIине руго ва гьезие Аллагьасул ва гIадамазул рахъалъ нагIанаги букIине буго. Гьаб кагътидалъун ну-жеда бичIчIила нижер къотIиялъул щулалъи ва бацIцIалъи».

Кагъат щаялиго Фезие рекIее гIечIо ва гьес живго хехлъи гьабун гьенисан унаго кIиабилеб кагътида хадув чапар витIун вачIана. ТIоцебеселдаса гIемерабго батIалъи гьечIеб гьелда хъвалеб букIана: *«Гьаб кагътица нугIлъи гьабула Дагъистаналда ва Россиялда гьоркьоб рекъел гьабиялъе.*

Рекъел гьабиялъул хIураматалда кьола асирлъуде Шамилил, Къебед-МухIамадил, Къарахъа ГIабдурахIма-нил рахъалдасан асирал. Гьаб къотIи-къаялъе хилиплъа-разе Аллагьасул ва гIадамазул рахъалъ нагIана букIине буго».[14]

Шамилие ТIелекь ккараб рагъудалъун щвана мухIканаб баян: гIурусазда данде кигIан къвакIун чIани-ги, гьедигIанго хех гьел ракълилаб къотIи-къаялде рачIунел руго. Гьедин гьабуна ракълилаб къотIи-къай. Абизе бегьула Кавказалъул рагъ байбихьанин ТIелекь ро-сулъанилан, щай гурелъул гьеб букIана Кавказалъул рагъ байбихьаралдаса букIараб бищун кIудияб рагъалдасан ва гьениб гьабураб рекъелалдалъун рагъги лъугIичIо.

[14] Моше Гаммер. Указ. соч. с. 133

Гьикъизе бегьула щайха гьединаб цIикIкIараб къуватги, бечедаб хIукуматги нахъа букIарав Фези гьеб къотIиялда разилъарав, кин гьесда гьеб магIарул росу бахъизе кIвечIебилан.

Хiакъикъаталда, Фезил аскаралъул 10 гIарадаялдасан гIицIго 5 хутIана кьвагьизе бегьулеб, букIинчIо тIокIаб гьезие гулла-хер, гьеб Темир-Хан-Шураялдасан бачIине кколаан – гьедигIан гIемераб гIарада бана росулъе, ТIелекь лъукъарал малъичIого чIвана гIурусазул 1000-гIан солдат, 4 кIудияб ва 26 гьитIинаб чиналъул офицер (гьездасан 14 ротаялъул командир).[15]

Дагьаб заманалдаги гIурусал гьенир чIун рукIаралани, щаклъи гьечIого Шамилие кумекги щвезе букIана, щвечIониги муридзабаз гIурусалги щущахъ риххизаризе рукIана, живго Фезиги асирлъуде ккеялъул хIинкъи букIана. Гьединлъидалин Фезица, живго нахъе унаго цIунаравлъун вукIине, Шамилидаса асирал тIалаб гьарурал.

Хъварал кагътаздалъун бихьулеб буго Шамиль гIурусазда божулев гьечIолъи ва гьез жидерго къотIи хвезабиялда щаклъи букIин. Гьеб гIемер кватIичIого ритIухъ гьабуна живго Фезица. ТIубараб август ва сентябрь моцIаз гьес гьоркьоса къотIи гьечIого Темир-Хан-Шураса баччулеб букIана Хунзахъе гулла-хер, мутIигI гьарулел рукIана АхIмадханида хадур рилъунарел магIарул цо-цо росаби. Хунзахъ жиндирго къуват цIикIкIараб мехалъ гьес Розенихъе кагъат хъвана: *«Шамиль гIодов вичан чIаниги, нилъеда тIадаб буго гьесдехун божилъи гьечIолъи загьирги гьабун, гьесухъе асирал тIад руссинаризе. Кавжун, дица ТIелекь дунго цIунизе вукIараб бакI биххана»,* - ян.

Кавказалъул рагъул баяназулъ гIемерисезда Къебед-МухIамад жиндирго богун рагъул ахиралде Шамилгун вагъулев вукIинчIилан гурони, гьесда данде вахъиналъул баян кибго гьечIо. Шамилидаги гьесдаги гьоркьоб дандеккунгутIи букIун батаниги, батизе бегьула гьеб Шамилица имамлъун вас Гъази-МухIамад тIамулев вукIиналъги, гьесул тIалабалда рекъон ЩобтIа хъала биххиялъги, САлтIа къунилан имамас лъабго къоялъ валагьун чIаниги захIматго лъукъарав вац МуртазагIали къабул гьавичIолъиялъги, живго росулъа къватIиве витIиялъги, васасе кьелилан рагIи кьун букIарай яс Шамилица ригьин хвезабун Гъумекие кьеялъги бижизабураб дандеккунгутIи. КIиабизе абун ккананиги, букIун батизе бегьула гьеб росу гIурусазул тIадекIанцIиялдаса цIуниялъе гьарурал тадбираллъунги – гьеб буго араб тарихалдасан бахIсалъулаб цоги балъголъи.

Кавказалъул рагъ лъугIун хадуб кверде арав Шамилил баяназда рекъон, гьес Къебед-МухIамад гIицIго лъикIаб рахъалдасан рехсолев вуго. Калугаялда Шамиль вугеб заманалда гьесда хадув валагьизе тарав хъулухъчи Руновскиясул баяназда рекъон, гьес Шамилие дур иш нахъеги багъа-башарани цебе бачине кIолев чи щив вугевилан гьикъараб мехалъ, имамас жаваб кьун буго: «Дагъистаналда вуго цо чи дидасаги цIикIкIун халкъалъ божилъи гьабулев… Лъала, гьесул цIар дица абуни, божизе гьечIо, щай гурелъул нижеда гьоркьор руго дунялалъул рокъор кIиязго хIасил гьабизе рес гьечIел гьоркьорлъаби. Нагагьлъун Кавказалда багъа-башари ккани, Къебед-

[15] Там же, с. 132

тIокIаб батIияб нух букIинчIо. Гьеб заманалдаги Къебед-МухIамадица ТIелекь росдал мутигIлъи лъазабун букIинчIебани, гIурусаз тIолабго къуватги тIаде рехун росуги чIунтизабизе букIана, гьенир гIемерал гIадамалги чIвазе рукIана, щай гурелъул тIелкьадерил гIадат букIинчIо кверде унеб, гьединлъидал росу тIубанго гъуризе букIана. Росулъе жанире гIурусал риччазе бокьичIого, росдада аскIор гьел щвараб мехалъги, Къебед-МухIамад Гьолокье гьезда данде ана ва гьесулгун гарачIвариялдаса хадур гIурусал росулъан рачIинчIо.

1859 соналъул 2 августалъ Шамиль щула гьабураб Гъуниве нахъе къалеб мехалъ Ругъеждерил мугIруздасан ТIелекь росдада цевесан унев вукIана. Имамасул хьул букIана Къебед-МухIамадица живго къабул гьавилилан, амма наибас гьев къабул гьавичIо. Цо-цо Къебед-МухIамадиде рокьукълъи бугез гьесул нухмалъиялдалъун Шамилихъа боцIи бахъанилан биценал руго, амма гьел руго кьучI гьечIел харбал. Баяназда рекъон, тIелкьадерил ракьалде щвелалдего, Шамилихъа 32 чуги бечелъиги бахъун буго кIкIуядерица.[45] Цоги баяназда рекъон Къебед-МухIамадица кумекалъе аскар бакIаричIониги Шамилги гьесул 400 муридги тIелкьадерица къабул гьаруна ва гьезие квен-тIехалъул кумек гьабуна.[46] Шамилица сордо БорещтIинлъагIариб рогьана. (Гьелдасан бачIарабилан аби буго мегIералда цIарги.) Гьенисан имамас цадахъ рукIаразда бихьизабун буго ЩобтIа хъалаялъул чIунтел ва абун буго «МацIихъабазул харбаздаги бо-

[45] Богуславский Л. Указ. соч. с. 305.
[46] Даниялов Г.-А.Д. «Имам Шамиль», Махачкала, 1996; с.193.

казалда ва НахъбакIалда цогIаги бусурбабазул росу хутIани, гьез балъго яги тIатун шаригIат билъанхъизабизе буго.»[16] Гьелдалъун бихьулеб буго Фезида Дагъистаналъул росабиги мутIигI гьаризе ракIалдаги букIинги, гьев хилиплъулев вукIинги.

1837 соналъул 5 сентябралда Фезица Дагъистаналъул батIи-батIиял росабалъе ритIана Шамиль жиндиего бокьун квердеги вачIанин, гьес магIарулазул цевехъан хIисабалда гIурусазе мутIигIлъиги лъазабунин, гьеб ритIухъ гьабизе гIоло Дагъистаналъул лъабабилев имамас асирлъуде гIагарлъиялъул гIадамалги кьунин мутIигIлъи тIалаб гьабурал кагътал. ТIадеги гьес тIалаб гьабуна мутIигIлъиялъул хIакъалъулъ щибаб росдаца кагътидалъун баян гьаби ва асирлъуде – гъоркълъалие гIадамалги ритIи. Гьебго заманалда гьес Шамилида божилъи гьечIолъи загьирги гьабун, МухIамадхан витIана ТIелекь кьун рукIарал асирал нахъе щвезаризе.

Розенил Дагъистаналда бищун щулатал росабаздасан цояб ТIелекь росу рагъ гьабун бахъиялъул, Шамил кверде вачIиналъул, Россиялъе мутIигIлъиялъе гьев гьедиялъул ва гьеб ритIухъ гьабизе гъоркълъалие гIадамал кьеялъул хIакъалъулъ хъвараб докладалъ Петербургалда Россиялъул нухмалъулезда гьоркьоб кIудияб хъуй бахъинабуна. Амма гьениб цо рагIицин абун букIинчIо гIурусал лъикIал лъугьун ракълилаб къотIи-къай гьабиялъул.

30 сентябралда Шамил данд чIвана генерал-майор Клюки-фон Клюгенаугун. Гьес гьарулеб букIана Шамилида нахъ бахъичIого Тифлисалде пачаясухъе айилан,

[16] Моше Гаммер. Указ. соч. с.137

гьес мун данд чIваялде ахIулев вугилан ва гьелдаса пайдаги босун, пачаясда тIаса лъугьайиланги гьарейилан.[17]

Кинаб къагIидаялъ генерал-майорас хабар бицунеб букIарабали лъаларо, амма Шамиль гьелда разилъун вукIана, хутIун букIана цо «амма». ТIелекь рагъулаго гьесулги, Къебед-МухIамадилги, Ташав-ХIажилги, Къарахъа ГIабдурахIманилги къотIи ккун букIана гьарулел кIвар бугел ишал данд ран гурони гьаричIого тезе.[18] Имамас гьел мукIур гьаризеги хIал бихьулеб букIана, амма гьез Шамил божизавуна гIурусазул хилиплъиялда ва кинго разилъичIо дандч1ваялде имам виччазе.

МагIарулазул цевехъанасул рахъалдасан разилъиялъул хабар бачIиналъухъ сабру гьечIого валагьун чIун вукIарав Клюки-фон Клюгенаухъе 10 октябралъ Шамилил кагъат щвана. *«Гъал рагIабазул бетIергьан, бачIараб къадаралда разияв Аллагьасул лагъасул рахъалдасан. Дица гьаб кагъаталдалъун нужеда лъазабулеб буго дирго чIван къотIараб пикру: дун къотI-къотIун ваниги Тифлисалде ине гьечIо, щай гурелъул дида цо нухалъ гуро нужер хиянат бихьараб. Гьеб нужедагоги лъикI лъала».* [19]

ХIакъикъаталдаги Шамилилил гIилла букIана Тифлисалде инчIого чIезе, гьесда гIурусазул рахъалдасан нахъеги хиянат данд чIвазе бегьулаан.

ТIелекь ккараб рагъудаса хадуб Къебед-МухIамадида кIудияб боржел бачIана Шамилил. 1838 соналъ гьесул нухмалъиялда гъоркь букIана кIудияб ракь. Киналго кIвар бугел ишал Шамилица Къебед-

[17] Там же.
[18] Павленко П.А. Указ. соч. с. 50
[19] Там же. с. 52

кунгутIаби раккана. Гьеб букIана гIурусазул жасусазул хIалтIи – имамасда сверухъе наибзабазул гор гъунканагIан Дагъистан бахъизе захIмат букIин бичIчIараб гIурусазул командованиялъ байбихьана гIарцухъ ричун росарал ВатIаналъул хиянатчагIи тIарикъатги кколел, шаригIаталъул низамаздаги нахъ рилълъунел росаби, имамасул байрахъалда гъоркь гIагараб ракьалъеги бусурманаб диналъеги гIоло рухIал кьезе хIадурал муридзаби цоцазда данде тIамиялъе жигар бахъизе. Рагъаз чIунтизарурал росабазулъ, мискинал гIадамазулъ дагьал гуро ратулел рукIарал гIарцухъ ва чиназухъ диналъухъ ралагьичIого тIад къараб хIалтIи рагIалде щвезабизе хIадурал гIадамал. Масала, Дагъистаналъул халкъ гIарцудалъун кодоб босизе Россиялдасан пачаяс 1840 соналъ биччан букIана 90104 гъурущ гIицIго хъахIаб гIарцул.[43] Заманалда рекъон, гьеб букIана кIудияб къадар гIарцул.

1859 соналъул 28 июлалъ, гъазаваталъул хIасил кколареблъиги бичIчIарав, муридзаби къеялдаги ракI чIарав Къебед-МухIамадил чапарзаби Апшеронполкалъул командирзабазухъе Россиялъул нухмалъиялъе мутIигIлъиги загьир гьабураб кагъатги босун щвана.[44] ТIолабго Югалъул Дагъистан жинда хадуб билъуневлъун Къебед-МухIамадги, бищун къуватал росабаздасан цояблъун ТIелекь росуги рикIкIунев вукIарав, гьезда мугъчIвайги букIарав Шамилие гьеб цIакъ захIмалъана. ГIурусазе гьеб лъугьа-бахъин букIана Кавказалъул рагъазул тарихалдасан бищунго кIвар цIикIкIараздасан цояблъун. КигIан захIмат букIаниги, Къебед-МухIамадийги

[43] ГЦА, ф.133, оп. 4, д. 7728, с.24.
[44] Богуславский Л. Указ. соч. с.304.

бокьунги буго. Амма дица хIурмат гьабула дур гIакълудул, бахIарчилъиялъул, халкъалъе дуца ракI бацIцIадго гьабураб хъулухъалъул. Дуца гьелъие гьабунщинабги лъан, дица халкъалъул тIалаб тIубазабизе гьечIо. Мун дица дидаго аскIов тела ва дицаго хал кквела дуда хадуб. Халкъалъул хIалуцин гIодоб буссараб мехалъ дица мун вукIаралъув витIила».[41] Къебед-МухIамад витIана Эчеда абулеб росулъе, гьесул боги биххана. Гьелдаса цебе Шамилил тIалабалда рекъон Къебед-МухIамадица биххана ЩобтIа хъалаги.

Цо нухалъ Эчедасан росулъе цо ишалъ вачIунев Къебед-МухIамадги Шамилги данд чIван руго ГIобода росдада аскIор. КIияздаго цадахъ рукIараздасан батIаги ун гIемераб заман бан буго гьез гара-чIварулел. Цоцазда къвалал ран ратIалъулелъул, кIиясулго гъуждузда магIил гаразул риччелал хутIун рукIун руго. Гьез щиб данд балеб букIараб, сундул хIакъалъулъ бицунеб букIараб лъазе кIвечIо, амма бичIчIулеб букIана гьезие ратIалъизе цIакъ захIмат букIин.

Анлъго моцIалдасан эркен гьавун ТIелекье тIад вуссаниги, рагъул ккезе бугеб хIасил бичIчIарав гьев тIокIав Шамилил багъа-башариялда гьоркьов лъугьинчIо. Кин букIаниги Дагъистаналъул халкъазда гьоркьоб Къебед-МухIамадиде балъго Дагъистаналъул ункъабилев имамилан абулаан.[42] Амма Къебед-МухIамад тIокIав гъазаваталъул ишазулъ гIахьаллъичIо. Дагъистаналъул росаби цоял цоязда хадур гIурусазул рахъалде ине лъугьана. Шамилил наибзабазда гьоркьоб жахIда-хIусуд, дандекМухIамадида данд ран гурони гьаруларoан. Къебед-МухIамадил нухмалъиялдалъун ТIелекь жеги щула гьабуна, бана росдада тIад ЩобтIа абулеб бакIалда рагъул хъала, гьениса Ихъ ицтIе, тIад чIвараб, ракьулъан лъел цIезе унеб нухги гьабуна. Гьеб киналъулго баянал щолеб гIурус армиялъ тIадчIей гьабулеб букIана ТIелекь росдаде гьоркьоса къотIи гьечIел гьужумал гьариялда.

1839 соналъул риидал тIолабго Кавказалъул халкъалъул кIвар буссун букIана цIар рагIараб АхIул гохIалде. Гьеб букIана цереккун ран рукIарал киналго щулалъабазул гIунгутIабиги хIисабалде росун гьабураб щулалъи. ТIабигIаталъул сангарал гурелги, кверзул тIаде гьарурал сангаразги АхIулгохI бахъизе рес гьечIеблъун лъугьинабун букIана.

Къебед-МухIамадица яги гьесул аскаралъ цIар рагIараб АхIул гохIалъул рагъулъ гIахьаллъи гьабичIо, щай гурелъул ТIелекь рагъаздасан хадуб жеги щула гьабун лъугIун букIинчIо, Шамилица жиндицагоги рагъулъ гIахьаллъи тIалаб гьабулеб букIинчIо – гьес АхIул гохI кверде босизе кIолареблъун рикIкIунеб букIана. Гьеб гуребги, Гьолокь росулъ рукIана гIурусазул аскарал ва Къебед-МухIамадица муридзабигун росу танани, гIурусазда ТIелекь босизе бигьаго кIвезе бук1ана.

Нилъеда лъала 1839 соналъул 29 августалда букIараб гIурусазул аслияб гьужумалдаса хадуб, гъоркьлъалие асирлъуде вас Жамалудин кьуниги, цо пикруялде рачIинчIо Шамилги генерал Пулоги. Рагъул хIасилалда АхIул гохIдаса Шамилги дагьал муридзабиги гурони хвасарлъичIо.

[41] Гаджиев Б. «Шамиль. От Гимр до Медины», с. 58.
[42] Павленко П.А. Указ. соч. с.144.

Жиндирго цIияб рещтIен гьабулеб бакIлъун Шамилица бищана Даргъоб росу. Шамилида бичIчIана цо бакIалда щулалъи гьабун ярагъги къуватаб, рикIкIенги гIемераб гIурусазул аскаралда дандечIей гьабун бажарунгутIи. Гьенисан байбихьана имамас Дагъистаналда ва Чачаналда шаригIат билъанхъизабизеги, гIурусазда данде къеркьезеги. Жиндирго цересел гIадамал Ахбердил МухIамад, Къебед-МухIамад, Ташав-ХIажи, ЩугIайб, ХIажи-МухIамад апандил кумекалдалъун билъанхъизабулеб букIана гьес жиндирго иш. Дагъистаналда муридзабазул къуват ва ихтияр тIадеялдаса тIаде цIикIкIунеб букIана.

1839 соналъ Къебед-МухIамад жиндирго богун рагьун Шамилие кумекалъе жувана, гьеб цIакъго ц1ик1к1ана1840 соналъ.[20] Къебед-МухIамадил халкъалъулъ бугеб къиматги, Шамилие кумекалъе гьев лъугьани жидеего букIине бугеб захIматги якъинго лъалев гIурусазул армиялъул нухмалъулев Евгений Головиница 1841 соналъул июлалда хIалбихьана наиб жиндего вуссинавизе, амма гьелъул хIасил ккечIо.[21]

Шамилил рахъалде вачIана ХIажимурадги. ГIурусаз кверщел гьабулеб Хундерил тIалъиялде, гьеб ракь лъикI лъалев, ХIажимурадица чабхъенал гьоркьоса къотIизе толел рукIинчIо; мугIрузда ругел лезгиназул росабаз инкар тун къабул гьабуна Шамилил рахъ; Къебед-МухIамадица щакдариялда рукIарал рагъуе кIвар цIикIкIарал тIолалго гIандалазул росаби жиндехунго руссинаруна. Гьанже

[20] Богуславский Л. «История апшеронского полка», Санкт-Петербург, 1892, с. 10

[21] Моше Гаммер.Указ. соч. с. 181

кигIан гьелда чачанал рази гьечIониги. Гьес гьениб нухмалъи гьабуна 1853 соналде щвезегIан. Гьеб гуребги Къебед-МухIамадида Шамилица тIад къалаан цо-цо росабазда гьоркьор ругел дагIба-бахIсазе хIукму къотIизеги. Масала, 1953 соналъул 12 маялда Шамилица хъвараб кагъаталда Къебед-МухIамадида гьарулеб буго Хьиндахъ, Кудали, КIкIогьориб росдал гIадамазул лъим сабаблъун ккараб дагIба-рагIиялъе ахир ва маслихIат гьабеян, гIайиб бугел тамихIалдеги цIаян.[39]

Жиндирго аскаргун ахиралде щолеб бугеб Кавказалъул рагъулъ Къебед-МухIамад гIахьаллъичIониги, ТIелекьа цо-цо бахIарзаз гIурусазде чабхъен гьарулаан. Масала, 1851 соналъул 7-8 апрелалъ ГъаркIасуниса Ибрагьимица, САлтIаса ХIусеница ва ТIелекьа Гьадиятил МухIамадица гIурусазул хъамуна 199 чу.[40] Кавказалъул рагъул заманалда гьединал чабхъенал гIемерал данд чIвалаан Дагъистаналда.

1855 соналъ Шамилиде щвезабуна Гъумекиса Агълар-хангун Къебед-МухIамадил гара-чIвари букIанилан. Шамилил законазда рекъон Гьидерил ва ГIандалазул вилияталъул наиб чIвазе кколаан. Къебед-МухIамад гьес жиндихъего Веденове ахIана ва бицана гьесда щиб гьесул рахъалдасан бицарабали, гьесие жавабалъе Къебед-МухIамадицаги Шамилида бицана ккарал гарачIвариязул ва сундуе гIоло гьел гьарулел рукIаралали. Шамилица гьесда абуна: «Дихъе щварал баяназда рекъон, мун гIурусазулгун гьоркьорлъабазда вуго, дихъе ритIун рачIарал чапарзабазул рахъалдасан, мун халкъалъе чIвазе

[39] Редакц. Коллегия «100 писем Шамиля», Махачкала, 1997; с. 94-95.

[40] Богуславский Л. Указ. соч. с. 200.

гьечIеблъи бихьарав Аргъутица хъалаялда гъоркье нух бахъун гьеб къвагьизабуна. МуртазагIалигун цадахъ хъалаялъусан хвасарлъана дагьал муридзаби.

Рагъул хIасил бицине Шамилихъе арав, гъеж лъукъун, бер бахъун вугев МуртазагIали 3 къоялъ балагьун чIаниги имамас тIаде къабул гьавичIо.[37] Абизе бегьула, гьеб къоялдасан Шамилилги Къебед-МухIамадилги гьоркьорлъаби чучизе лъугьанилан. СалтIа рагъулъ къеялъул гIайиб наиб Даниялидеги гIунтIизабуна. Кин букIаниги Къебед-МухIамадги Даниялги Шамилгун цадахъ 1848 соналъ Ахтыялда аскIоб ккараб рагъулъ гIахьаллъана. МугIрузда гьабулеб рагъул хIалбихьи щун дагьа-дагьабккун бергьенлъаби росулел гIурусаздаса муридзаби къеялъул гIайибал Шамилица наибзабазде рехизе байбихьана. Гьай-гьай гьеб гьезие рекIее гIолароан. Наибзабазул рази гьечIолъи цIакъго цIикIкIана 1847 соналъ имамас жиндирго бакI кквезесев чилъун кIудияв вас Гъази-МухIамад вихьизавидал. Шамилил бакI бокьарал гьел гIицIго имамасдехун гуребги, цоцаздехун бугеб жахIдаялъги толел рукIинчIо. 1851 соналъул 13 ноябралъ Барятинскиясул нухмалъиялда СагIид-хIажил кумекалдалъун гIурусазул кверде ана ХIажимурад. Къебед-МухIамадица гара-чIвари гьабуна Гъази-Гъумекдерил вилияталдъул нухмалъулев Агъларханасулгун, амма цо чIараб пикруялде рачIинчIо.[38]

Гьебго 1851 соналъ Шамилица Къебед-МухIамад Чачаназул цо-цо росабазул нухмалъулевлъун тIамуна,

[37] Павленко П.А. Указ. соч. с.120.

[38] А.Л. Нарочницкий. «История народов Северного Кавказа (кон. XVIII-1917 г.)», Москва, 1988; с. 160.

Аваристан лъабабго рахъалдасан Шамилил кверщаликь букIана. Нахъеги байбихьана муридзабазул гIурусазе кIудиял камиял ккезарулел чабхъенал.

1840 соналъул 8 октябралъ Шамилица Даргъор жиндирго киналго наибзаби ракIарана ва хадусел чабхъеназул ва рагъулал ишазул данд бана. Къебед-МухIамадица Шамилида гьарана КIкIуяда росу мутIигI гьабизе кумек ва имамас гьесда цадахъ муридзабигун Инхелоса НурмухIамадги Даргъоса Жаватханги ритIана. КIкIуядерил росу кверде босана ва Къебед-МухIамадил квещаликье кьуна.

1840 соналъ генерал-адъютант Граббеца генерал Головинихъе хъвараб кагъаталдасан бихьулеб буго Къебед-МухIамад «кьижун вукIинчIеблъи». Гьес хъвалеб буго: «Заманаялъ Шамилил багъа-башариялъулъ гIахьаллъи гьабичIого чIун вукIарав Къебед-МухIамадица гьанже, Дагъистаналъул югалде къокъабиги ритIун, цIиял росаби пачасда данде рахъиналъе хIадурулел руго»,- ян.[22] Гьебго соналъул 27 декабралде Авария кодоб босизе хIадурун букIараб муридзабазул хIадурлъи гIадада ккана цо-цо росабазул хилиплъиялда щаклъи букIиналъ. Гьеб заманалда Дагъистаналда унел рагъазул хъвай-хъвагIаязулъ Къебед-МухIамадил бицен гьабулеб букIана Шамилил кваранб кверлъун вугев, халкъалъулъ кутакаб къиматалда вугев, гIурусазе хIинкъи цIикIкIарав бахIарчияв бодул цевехъан хIисабалда.

1841 соналъул риидал Шамилица витIарав ГIахъушиса муридас Къебед-МухIамадихъе щвезабуна Кавказалда рукIине ругел рагъазул хъвараб кагъат. Гье-

[22] Газ. «Красная звезда» от 31.07.90. ст. «22 года с имамом».

динго гьезда гьоркьоб букIана Турциялдаса АхIмад-ГIали пашаца бачIараб, кватIичIого аскаргун Дагъистаналде щвезе вугилан хъвараб кагъатги. Абулеб букIана гьел кагътал муридзабазул рагъул гъира цIикIкIине гIоло хъварал рук1анилан, амма кин букIун батаниги, Къебед-МухIамад жиндирго аскаргун гъираялда шаригIаталъул ишалда гъорлъе лъугьана. Кверде росун гьес Ругъжаб росулъа вачана 12 асир, КIкIуядаса вачана 30 асир, ХIотIочIиса – 3 ва Гъуниса – 8. Къебед-МухIамад жиндирго аскаргун щулалъана Гъуниб магIарда сверухъ. Гьесул 500 муридасде тIадеги жеги муридзаби рачIана ва гьезул къадар 2000-ялде бахана.[23] Гьесул байрахъулавлъун вукIана ГIумарил вас ГIабдужан. Гьев ккола ХIуриялазул кьибилалъул чи.

1841 соналъул 12 октябралъ Къебед-МухIамадица гIурусаздаса эркен гьаруна Могьохъ, Хьиндахъ, Коли, Закитау росаби. 18 октябралъ кверде босана Гьолокь росу, Къорода росаби ва кьоял, кватIичIого кверщел гьабуна Дарада-Мурада росабаздеги. 1841 соналъул ахиралде гьесул аскаралъул къадар 4000-ялде бахана. Гьезда гьоркьор рукIана анцухъел, кьенсерухъел, тумал.[24]

Къебед-МухIамадил нухмалъиялда гъоркь, кванил, яргъил сурсатги жаниб чIезабун рагъуе бугеб кIварги, тIабигIаталъул гьеб бугеб бакIги хIисабалде босун, щула гьабуна Гъуниб мегIер. Жиндирго ГьоцIалъ росу босизе бугеб пикруялдаса Къебед-МухIамадица инкар гьабуна аскIор ругел росабазул хилиплъиялда хIинкъун, щай гурелъул ЦIияб ГьоцIалъ босун, басриялде гьес гьужум

[23] Гаджиев Б. «Шамиль. От Гимр до Медины», с. 57.
[24] Там же.

ги. Гьеб кинабго хIисабалдеги босун, гIакълу бугев наибас росу цIуниялъе гьаруна тадбирал.

1847 соналъул августалда гIурусаз босана САлтIа росу, 6-7 августалда гьез гьужум гьабуна хъалаялде. Хъалаялъул нухмалъулевлъун вукIана Къебед-МухIамадил вац МуртазагIали ва Хьаргабиса бахIарчи Идрис. Рагъуй нухмалъи гьабизе тIад къан букIана Къебед-МухIамадида. ТIелекьа хъалаялъув вукIана 200 мурид. Хъала цIунизе кколаан МуртазагIалица, гьенире гIурусал гIагарлъарабго нахъасан кьаби щвезабизе кколаан ХIажимурадил ва Балахьуниса Мусал рекIараб аскаралъ. 7 августалъ САлтIе балагьараб щобил рагIалде ваккана ХIажимурад. Муридзабазул рохалие гIорхъи букIинчIо. КъалъизегIан рагъухъги балагьун, муридзабазул къохIехьейги бихьун, жив кумекалъе вачIани гьел бергьунеблъи лъаниги гьужумги гьабичIого ХIажимурад нахъе ана.[36] Нахъа щай мун тIаде кIанцIичIевилан гьикъидал, ХIажимурадица абун буго Къебед-МухIамадий тIадегIанлъи щвараб гIеларилан, гьесул вацасеги цIар балагьулев чи гурин жив, гьеб рагъ муридзабаз босун букIарабани, бергьенлъилъул цIар МуртазагIалий щвезе букIанин, МуртазагIалий гIоло хвалчакь лъезе габур гьечIин жиндирилан.

Муридзабазе тIаде кумек щолеб гьечIеблъи бихьарав Аргъутида кверде рачIинегIан хъала сверун кквезе ракIалде ккана. ТIаде кумекги бачIунарел, къватIиб нухги щоларел муридзаби гIурусаз 52 къоялъ ккуна сверун. БукIинчIо кваназе квен, гьекъезе лъим, аскIоб бугеб лъимги гIурусаз жаниб загьро бан, чороклъи гьабун хвезабун букIана. Хун гурони муридзаби квертIе рачIунел

[36] Богуславский Л. Указ.соч. с. 177.

кинабго риха-хочараб багъа-башари букIин. Ккараб жо лъаларел цо-цо муридзабиги рукIун руго хIикмалъун гьазие щибдай ккарабилан. Хочол манзилалъ бакъ эхеде бахарабго гIурусазул цо чи хутIун гьечIо Цебе магIарда. Гьеб гуребги, Аргъутиде хабар щун буго Воронцовасул аскар Даргъоб гъурун бугилан. ТIелкьадерил бахIарчилъиги бихьарав, гьелги рекIее гIечIев Аргъутица багьана щвадго тIелкьадерил ракь тана.

1845 соналъул 30 октябралда Къебед-МухIамадида Чачаназул наибас бачIана кагъат. *«Къебед-МухIамад, салам. Диде хабар щун буго дутIе гIурусал кIанцIизе ругилан. Бокьун буго дуе кумекалъе аскарги бачун вачIине. Дие хвелги мунгун цадахъ бокьила».* Амма Къебед-МухIамадица кумекалдасан инкар гьабуна гIурусазул жиндие щибго хIинкъи гьечIилан. Гьебги букIана гьесул рахъалдасан цIодораб пикру, щай гурелъул, ТIелекь аскарал данделъун рукIаралани гIурусазул армия нахъ бахъичIого бачIине букIана гьенибе.

Амма Къебед-МухIамадида бичIчIана гIурусаз жиндиего хIалхьи толареблъи ва гьес кин канигиян 1845 соналъ Гъумекиса Агъларханги гьоркьов ккун гара-чIвари гьабуна генерал Шварцилгун. Гьесда бихьулеб букIана рагъ чIалгIарал магIарул росаби дагь-дагьккун гIурусазул рахъалде унел рукIинги, Россиялъ рагъудалъун бергьунареблъиги бичIчIун, гъоркьан хIалтIизе гIадамалги тIамун, муридзабазул церехъабиги дагь-дагьккун кверде росулел, гьезда гьоркьоб мацI гьабулеб букIинги, барахщичIого чанго соналъ халат бахъараб рагъалъ цебетIей гьечIеб мискинхалкъалъе пачаяс гIарац бикьулеб букIингьабулаго гIурусазул кIудияб къуватги тIаде щола, сверухъ росабиги кумекалъе рачIунаро.[25] Гьенив Къебед-МухIамадил аскаралдаса 100-гIан мурид лъукъун щиб, чIван щиб камула.[26] Къебед-МухIамад аскарги бачун нахъе къала. Бодул цевехъанлъун Къебед-МухIамадил вац МуртазагIали вукIана.

Шамилил планалда рекъон, 1841 соналъул 29 ноябралда магIарулаз гIурусазул аскаразде чабхъенал гьаризе байбихьула. Гьаб нухалда лъабго рахъалдаасан гьабула гьужум: Къебед-МухIамадица гьужум гьабула бакъ баккудасан, ХIажимурадица ва Жаватханица – бакъ тIерхьудасан, ГIандиса Гъазияс ва КIкIаратIаса ТIалхIияс – севералдасан. Гьединаб кутакаб гьужумалдаса хадуб гIурусазул риха-хочи кутакаб букIана.[27] Гьеб букIана цо бакIалда щулалъи ккун гIурусаздаса бергьине гьечIолъиялда ракI чIарав Шамилица ургъараб къуватаб армиялда данде гьабулеб цIияб рагъул къагIида – чабхъеназул рагъ.

1841 соналъул 3 декабралда Къебед-МухIамадица жиндирго бодул гIадамал рокъо-рокъор риччана.

1841 соналъул ахиралда генерал Головиница Клюгенаудаса тIалаб гьабулеб букIана ТIелекь росдаде гьужум гьаби ва Къебед-МухIамадида хадур рилъарал Хьиндалазул, ГIандалазул ва Къаралазул росабазе тамихI гьаби. 31 декабралъ Клюгенауца хъвараб докладалда бихьизабулеб буго гьеб масъала рагIалде бахъинабизе рес гьечIеблъун букIин, щай гурелъул ТIелекь росуги щула

[25] Газ. «Красная звезда» от 31.07.90. ст. «22 года с имамом».
[26] Богуславский Л. Указ. соч. с. 34.
[27] Моше Гаммер. Указ. соч. с. 184

гьабун букIана, Къебед-МухIамадида хадур рилъунезул къадарги цIакъго цIикIкIараб букIана.

1842 соналъул февралалда Шамилица Къебед-МухIамад, ХIажимурад, Гумбеталдаса Абубакар-къади, Къарахъа ГIабдурахIман, ГIандиса ХIажияв данде ахIана ва гIурусазул аскаразда кьаби щвезабиялъул данд бана. Гьебго соналъул ихдал жиндирго боги бакIарун Къебед-МухIамад жигаралда имамасул буюрухъ тIубазабизе лъугьана.

28 апрелалъ ХIажимурадгун, Къарахъа ГIабдурахI-мангун Къебед-МухIамадица Гъумекиб росдада аскIоб ХIажи-ЯхIяй кумекалъе вачIун, полковник Заливкинил аскаралда кьаби щвезабуна. Маялда наибас гIахьаллъи гьабуна ШовкIраялдасан Гъумекибхун бачIунеб Аргъу-тил аскаралде гьабулеб гьужумалъулъ. Гьениб гIурусазул къуват цIикIкIун букIин бихьарав Къебед-МухIамадица кIудиял камиял жиндиего ккелалде аскар нахъе бачана ва Авариялде нахъе къана.[28]

1 марталъ Къебед-МухIамадихъе ва Къарахъа ГIаб-дурахIманихъе ЧIохъа чапар кумек гьарун вачIана, амма гьал тIаде щвелалде росу гIурусаз кодоб босун батана. КIудияб аскар бугелъул, гьев захIмалъи бугебщиналъув кумекалъе ахIулаан. Марталъ гьес гIахьаллъи гьабуна Унсоколо росдай гIоло гьарулел рагъазулъ, гьебги босун ТIелекье тIад вуссана. Гьединго Къебед-МухIамад жин-дирго аскаргун июналъ Игьалиб росу гIурусаздаса цIу-ниялъулъги гIахьаллъана.

26 марталъ Фези жиндирго аскаргун нахъеги ТIелекье гIагарлъана. Росу нахъеги тушманасда кьаби

[28] Гаджиев Б. «Шамиль. От Гимр до Медины», с. 57.

МуртазагIали вукIана щибго хIинкъи-къай рекIелъ гьечIев наиб. Бицен буго Шамилица тIадкъай кьун ритIун инел рукIанилан МуртазагIалиги кIиго муридги цо пуланаб росулъе. Гьел ине кколаанила Ругъеждерил рохьазухъан. Цере гьенир цIакъ кутакал, циял, бацIал, хIатта рохьил цIиркъал жанир ругел рохьал рукIун руго. Тохлъукьего кIанцIун бачIун буго цIиркъ гьазда цебе. Гьалмагъзаби лъутун ун руго, МуртазагIалийин абуни вагъаричIого гьелъул бадив валагьун чIун вуго. ГIемераб заман бан буго гьал кIиязго гьедин чIун. Ахирги, гьев жиндасаго хIинкъулев гьечIеблъи бихьараб цIиркъ бигьа гьабун нахъе ун буго. Гьединав бахIарчилъи камилав, бицун бажаруларе лебаллъиялъул чи вукIун вуго Мур-тазагIали. Гьесие бокьунги букIун гьечIо гIурусазул кверде ине, жиндица гьеб иш гьабуни яги гIурусал нахъе къалеблъи, ялъуни рагъ кколеблъи лъан, унги вуго гьев гьеб бахIарчияб ишалде.

Рогьалил хъахIлъи балеб гIужалъ тIадкъайги тIубан данделъун руго гIолохъаби ЦIамукIкIалахъ. Бищун нахъа вачIун вуго МуртазагIали. Жакъа жиндие икъбал кьечIин, ватичIин хIама чадиралъуван абун буго гьес. Гьениве жив щвараблъи лъазе МуртазагIалица, гьенив ватарав солдатги чIван, чадиралъуса Аргъутил каранда балеб гIаламат бачIун буго. Гьединги магIарулазул гIа-мал-хасият бихьарав, тIелкьадерил къвакIиги лъалев Аргъут чадиралъув гурев, солдатазда гьоркьов вегулев вукIун вуго живго цIунаравлъун вукIине.

Бакъ баккараб гIужалъ цо багъа-башари лъугьун бу-го гIурусазда гьоркьоб. Цин ракIалде ккун буго гьел тIаде кIанцIизехъин ругилан, амма хадуб бичIчIун буго гьеб

де нахъеги гIарада бана.[35] Муридзабазул къвакIунчIей бихьидал ва тIелкьал нахъекъай гьечIого дандечIун рихьидал гIурусал гIемераб гьужумго гьабичIого нахъе ана, амма гьел нахъеги рач1ана 1845 соналъул риидал.

ЦIакъ гIемерав чи вугеб аскарги бачун генерал Аргъут Цебе магIарда рещтIана. РикIкIен гIемерал гIадамал рукIана Аргъутида цадахъ. Гьес росулъе кверде рачIаян чапарзаби ритIун рачIана. РакIалде кколеб букIана гIурусазда данде гьабулеб рагъ гIададисеб букIинилан, Къебед-МухIамадица росдал диван бакIарана. Къокъаб заманалда кумек щвезе гьечIеблъи бичIчIарал, гIурусазул кIудияб къуватги бихьарал ва росдада пасалъи рещтIинабиялда хIинкъарал росдал гIадамаз, кверде иналъул суал цебе босана. Къебед-МухIамадил вац МуртазагIалица гьарана цо жакъа къоялъги мутIигIлъи загьир гьабуге, щиб лъалеб нахъе инеги бегьулагури гIурусалилан.

Гьеб сордоялъ къаси тIаса вищарав 13 гIолохъанчиги вачун МуртазагIали гIурусазде ине хIадурана. Къаси гьел Нахъе кIкIалахъан, Къилбаялъул гонгинисан, Макъарилъ кIкIалахъан, гIурусазул мугъзада нахъасан ине кколаан чи кьижараб гIужалда гIурусазул рещтIен бугеб бакIалде. ГIурус рещт1аралъуб росулъанго ратIа рахъизе кIолел рукIана бодул нухмалъулезул чадирал, цIакъго чIухIараб чадир букIана Аргъутил. Щивас гьеб чадиралъув вугев нухмалъулев чIвазе кколаан, Аргъутил чадир МуртазагIалица жиндаго тIаде босана. ТIадкъайги тIубан рогьалил хъахIлъи балеб гIужалъ гьел данделъизе кколел рукIана ЦIамукIкIалахъ.

[35] Моше Гаммер. Указ. соч. 266.

щвезабизе хIадурун букIана, амма иш рагъуде ккечIо. Тохлъукьего мугъзада нахъасан ГьоцIдерил муридзаби рачIунел ругилан рагIидал, сверун кквеялдаса хIинкъарав, тIелкьадерил бахIарчилъиги къохIехьейги цо нухалъги жиндаго бихьарав Фези аскарги бачун нахъе лъутана.[29]

11 сентябралъул къаси Къебед-МухIамад кIудияб аскаргун ГьоцIалъе щвана. Росу данде рагъ гьабичIого кверде бачIана, амма хъала ккун рукIарал гIурусал данде чIана. Анлъго сагIаталъ гьужум гьабуна муридзабаз ва гIарада бан хъалаялъул къед кьвагьизабураб бакIалдасан жанире рорчIана. Бакъал щинкIулеб гIужалда рагъ гIодоцана. ЧIварал малъичIого, лъукъарав капитан Кузьменкогун кверде восана 120 чи.[30] Гьелги Шамилихъе ритIун, муридзабазда гьоркьоса нухмалъулел ГьоцIалъги тун, Къебед-МухIамад ТIелекье тIад вуссана.

МухIканго щиб заманаялдали лъаларо, амма Гъумекдерилгун гьоркьоблъи щулалъизе Къебед-МухIамад Шамилица витIана Гъази-Гъумекиб вилияталъул цо росулъа ГIумакусун абун цIар бугей Баширхан абулев чиясул, бечедаб, тумазда гьоркьоб рагIи билъараб тухумалъул яс жиндиего гьаризе. Щиб мурадалъе гIоло гьей гьарулей йигеяли лъарай гьелъул эбелалъ Къебед-МухIамадида абуна: «Къебед-МухIамад, кигIан Шамиль имам ватаниги, нижеда гьесдаса мун лъикIги лъала, гьоркьоблъи щулалъиялъул мурадалда ГIумакусун ячине къваригIун батани, дуцаго яче гьей»,- ян. Къебед-МухIамадица магьариги лъун ячана ГIумакусун. Гьей ро-

[29] Богуславский Л. Указ. соч. с. 50.
[30] Гаджиев Б. «Шамиль. От Гимр до Медины», с. 57.

сулъе ячIунеб мехалъ ТIелекь росдал жамагIатго дандеги бахъун кIудияб хIурмат гьабуна ГIумакусунил, кьуна гьелъие сайгъаталъе бекьизе ракь, бух1изе рохь ва гьелъие хъулухъалъе йихьизаюна цо яс. Гьелъ гьей ясалда, чол хулжинисан меседил къвекьмахги бахъун, гIинда гIуж бан буго ва тархъан тун йиго.

Гьединал гьоркьорлъаби хIисабалдеги росун, цо нухалда Гъумекиб аскIоб рагъ караб мехалъ Агълар-ханас муридзабазда данде рагъулел рукIаразул патроназда жанибе сачмаялъул бакIалда гьоло байилан балъго буюрухъ кьун буго ва сардарасде гьеб щвезабун батидал мацIихъан гьесда цеве чIван вуго.

1842 соналъул ахиралда Шамилица жиндирго рагъухъабазда, наибзабазда гьоркьор рагъул чинал рикьана. Мудирасул – генераласул цIаралъе мустахIикълъана Ахбердил МухIамад, Къебед-МухIамад, ЩугIайб, Уллубий ва Абакар-къади. Полковникаллъун – ГIабдурахIимандибир ва Анкьракьалдасан ГIумар, капитаналлъун рихьизаруна хутIарал наибзаби, гьезулъ Къебед-МухIамадил вац МуртазагIалиги.[31] Гьездасан байбихьи лъуна Шамилил аскаралда каранда ралел ратIа рахъиялъул гIаламатал кьезе. Гьелги щивав чиясе бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ, гьес нухмалъи гьабулеб аскаралъухъ балагьун кьолаан.[32]

1843 соналъул февралалда Къебед-МухIамадица 400 муридги вачун Гьидерил вилияталде чабхъен гьабуна. БатIи-батIиял данде ч1арал бечедал тухумаздасан 6 чиги чIван, гьев ТIелекье тIад вуссана. Халкъалъ разилъи

[31] Магомедов Р. Указ. соч. с. 99
[32] Хаджи-Мурад Доного. «Ордена Шамиля», Махачкала, 1995.

гьечIолъи загьир гьабуниги, Шамилица Къебед-МухIамад гьидерил наиблъунги вихьизавуна.[33]

1843 соналъул рагъул ишазе аскар Шамилица бакIарана Гумбеталдаса, КIкIаратIаса ва ТIелекьа. 2 сентябралъ Къебед-МухIамадица, ХIажимурадица ЦIелмес бахъулаго, цIунун букIана Къорода росулъ бугеб кьо. 8 сентябралъ гьев жиндирго аскарги бачун Шамилгун цолъана ва 10 сентябралъ рагъ гьабун босана ГьоцIалъ росу ва хъала. 13 сентябралъ ХIажимурадгун кверщел гьабуна ТIануси росдада, амма, гIурусазул цIикIкIараб къуватги тIаде щун, 14-15 сентябралъ росу рехун тана. 20-21 сентябралъ мудирасул аскаралъ нахъеги гIурусазухъе кверде араб ГьоцIалъ росдада аскIоб кIудиял камиял ккезаруна Графцевасул батальоналъе. Нахъеги Шамилгун цадахъ ГьоцIалъ росу кверде босана 1843 соналъул 29 октябралъ. 7 декабралъ ХIажимурадица ва Къебед-МухIамадица гьоркьоб ккезабун, кутакаб кьаби щвезабуна ва кIудиял камиял ккезаруна Гуркол нухмалъиялда букIараб гIурусазул батальоналъе.[34]

1844 соналъул 14 апрелалда Къебед-МухIамадица 5000 муридги вачун чабхъен гьабуна бищун гIурусаз щула гьабун цIунун букIараб Гъумекиб росдаде; 16 маялъ гьес ХIажимурадгун кверде босула ГIаймаки росу. Гьениб гIурусазе камиялги ккезарун нахъе къала. Гьай-гьай гIурусаздаги бихьуларого букIинчIо наибасул жидее бугеб кIудияб зарал ва гьез хIукму гьабуна ТIелекье нахъеги аскарал ритIизе. 1844 соналъул риидал гIурусаз росда-

[33] Гаджиев Б. «Шамиль. От Гимр до Медины», с. 58.
[34] Богуславский Л. Указ. соч. с. 68-95.